Namun ternyata ada salah seorang anak perempuan yang kebetulan mendengar pembicaraan orang-orang yang nadanya menghina Nyai Endang, merasa sangat kasihan kepadanya. Sehingga anak perempuan tersebut mengeluarkan air mata, kemudian bertanya, "Apakah si Endang tidak dapat lepas dari siksaanya?",

Orang yang kebetulan ditanya oleh anak perempuan itu menjawab, "Sudah pasti tidak dapat. Orang yang durhaka seperti dia tempatnya tetap di neraka."

"Bagaimanakah kiranya apabila si Endang mau bertobat, minta ampun akan segala dosanya?"

”Anak yang semacam dia, tentu tidak mau bertobat.”

”Lah, alangkah baiknya jika ia mau bertobat.”

Anak perempuan tersebut berkata seperti tersebut di atas, seraya air matanya menetes, sebab ia merasa sangat kasihan kepada Nyai Endang.

Kemudian si Anak Perempuan berkata lagi, ”Seandainya si Endang dapat kutibus dengan bonekaku, maka tentulah bonekaku akan aku tukar dengan rela hati. Hal ini tidak lain agar supaya Nyai Endang dapat terlepas dari siksanya. Selain daripada itu agar ia jangan sampai menetap di neraka yang sangat menakutkan.”

Nyai Endang mendengar perkataan seorang anak sebagaimana tersebut di atas, tiba-tiba hatinya merasa sangat gembira. Nyai Endang berpikir, ”Ternyata ada salah seorang anak yang berhati baik, bermaksud akan menolong diriku.”

Nyai Endang ketika berkata seperti tersebut di atas, hatinya merasa sangat kecewa. Nyai Endang di dalam hatinya ingin menangis, tetapi air matanya tidak dapat ke luar.

Di sini dikisahkan pula bahwa keadaan di alam dunia telah berubah semuanya. Namun keadaan di neraka masih tetap seperti sedia kala. Pada pokoknya cerita tentang Nyai Endang tidak hanya begitu saja.

Pada suatu hari Nyai Endang mendengar suatu perkataan, ”Heh, Endang, engkau memang sangat menyengsarakan hatiku?”

Nyai Endang tidak pangling, bahwa suara itu adalah suara ibunya. Pada saat itu ibu Nyai Endang sudah akan menemui ajalnya.

Kemudian Nyai Endang mendengar lagi perkataan ibu-angkatnya, ”Bagaimanakah, apakah kira-kira kelak aku dapat bertemu dengan si Endang?”

Tetapi Nyai Endang telah mengetahui, bahwa ibu-angkatnya tidak akan masuk ke dalam neraka yang sangat menyiksakan. Hal ini disebabkan karena ibu-angkat Nyai Endang sangat sabar hatinya.

Kira-kira 2 tahun kemudian, Nyai Endang mendengar suara lagi. Maka ia melihat ke atas, dan ternyata ada 2 buah cahaya

yang bersinar seperti bintang. Adapun 2 buah cahaya itu adalah mata anak perempuan yang merasa sangat berbelas kasihan kepada Nyai Endang. Pada waktu itu anak perempuan tersebut sudah hampir menemui ajalnya, karena ia sudah tua sekali. Ketika anak perempuan itu sedang sekarat, sekonyong-konyong teringat akan Nyai Endang.

Si Anak Perempuan berkata, "Ya Allah, Ya Robbi, Tuhanku yang bersifat Pemurah dan lagi Penyayang! Seandainya aku melakukan segala larangan Allah (Tuhan Yang Mahakuasa), mungkin nasibku akan seperti Nyai Endang. Padahal aku diselamatkan oleh Yang Mahakuasa, untuk tidak masuk ke dalam neraka yang sangat menyiksakan. Namun permohonanku kepada Yang Mahaagung, hendaknya diriku jangan dijauhkan dengan Nyai Endang, sebab aku merasa sangat kasihan kepadanya."

Mata si Anak Perempuan telah tertutup, tetapi mata yang lestari senantiasa memancar serta memperhatikan segala sesuatu yang tidak dapat dilihat oleh manusia.

Oleh karena si Anak Perempuan merasa sangat kasihan kepada Nyai Endang, maka ia sampai ajalnya dapat melihat wujudnya (maksudnya: wujud Nyai Endang). Setelah si Anak Perempuan melihat keadaan Nyai Endang di nereka, ia semakin merasa kasihan. Sehingga ia menangis serta air matanya selalu menetes. Ternyata tangisan si Anak Perempuan itu terdengar oleh Nyai Endang. Ada pula salah seorang malaikat yang menangis, sebab merasa sangat kasihan kepada Nyai Endang.

Nyai Endang ketika mendengar semua tangisan tersebut, merasa semakin bertambah kecewa hatinya. Hal ini disebabkan ia senantiasa teringat akan tingkah laku dirinya ketika masih berada di alam dunia. Mulai saat itulah Nyai Endang selalu menangis, tetapi air matanya tidak dapat ke luar. Pada dasarnya Nyai Endang mengakui akan dosanya dan merasa bahwa dirinya adalah orang yang terburuk kelakuannya. Oleh sebab itu ia menyadari bahwa sepantasnyalah jika ia tidak dapat terlepas dari siksaan di neraka.

Setelah Nyai Endang berpikir seperti tersebut di atas, tiba-tiba di sekitar tempat Nyai Endang berada, tampak berubah

menjadi terang benderang serta panas. Segala sesuatu yang berada di situ hilang seperti halnya es yang kena panas. Adapun menghilangnya segala sesuatu yang berada di dalam neraka adalah berubah menjadi asap. Nyai Endang pun berubah menjadi asap. Adapun asap tersebut kemudain berkumpul dan akhirnya berubah menjadi burung. Burung itu sangat liar dan akhirnya terbang ke alam dunia. Si Burung terbang cepat sekali bagaikan kilat. Tampaknya si Burung merasa malu terhadap dirinya sendiri ataupun makhluk lain. Kemudian ia bersembunyi di dalam lubang yang sangat gelap. Di situ ia diam, badannya gemetar, dan lagi tidak dapat berbicara (tidak mempunyai suara).

Burung itu ternyata dapat melihat semua keadaan yang terjadi di alam dunia. Terutama suasana di sekitar tempat tinggalnya. Lama-kelamaan ia tertarik kepada segala sesuatu yang telah dilihatnya. Dan lagi ia selalu menghormati serta bersikap rendah hati terhadap segala jenis makhluk (maksudnya: tidak pandang bulu kepada berbagai jenis makhluk). Oleh karena semua makhluk itu adalah ciptaan Yang Mahakuasa, maka mereka merasa akan kebaikan si Burung. Si Burung bermaksud mengeluarkan kata-kata pujian untuk berbagai jenis makhluk, tetapi ternyata tidak sepatah kata pun yang dapat ke luar dari mulutnya. Walaupun demikian, si Burung tetap bertekad baik dan senantiasa menyerahkan dirinya kepada Yang Mahakuasa.

Di tempat itu ada suatu pesta yang cukup meriah, para petani berjalan dengan cepat seraya membawa padi. Kemudian padi-padi tersebut digantungkan pada pohon-pohonan untuk makanan burung. Adapun padi-padi itu tidak lain dimaksudkan agar supaya burung-burung merasa senang hati.

Banyak burung yang datang ke tempat itu, dan di situ mereka makan padi dengan bersukaria. Bahkan burung yang bersembunyi di dalam lubang, ikut mengeluarkan suaranya: cit, cit, cit! Lama-kelamaan burung-burung itu bunyinya semakin merdu, terdengar suaranya beraneka ragam.

Pada dasarnya Yang Maha Agung tentu tidak akan melupakan terhadap burung yang semacam itu.

Sesudah itu, burung tersebut ke luar dari lubang tempat

tinggalnya berhubung akan mencari makanan. Namun ternyata makanan yang diperolehnya tidak hanya untuk dirinya sendiri. Sebagian besar makanan yang telah didapatkannya dibagikan kepada teman-temannya.

Demikian tindakan si Burung itu sehari-hari. Kira-kira makanan yang telah dibagikan kepada teman-temannya adalah sebesar roti yang diinjak oleh Nyai Endang. Mula-mula bulu burung tersebut kelihatan berwarna hitam, namun sekonyong-konyong seketika itu juga berubah menjadi putih. Sehingga burung itu tampak semakin indah, dan kemudian terbang ke udara.

Anak-anak yang melihat burung tersebut sangat terkejut, maka mereka berkata, "Burung 'Kedhali' putih itu aneh sekali wujudnya."

Salah seorang di antara anak-anak itu menjawab, "Ya, aneh sekali burung kedhali putih itu. Ia terbang menuju ke matahari."

Sampai di sinilah cerita mengenai Nyai Endang.

Orang yang bersifat sombong tentu akan mendapat siksaan yang sangat berat. Apalagi orang yang tindakannya senantiasa tidak menghargai segala jenis makanan pemberian Yang Maha Agung.

SERAT LEBDATAMA

2

CARIYOSIPUN KENYA BAJANG

Wonten satunggiling tiyang estri sanget kepenginipun anggadhahi anak, ananging kepenginipun wau boten limrah tiyang kathah, dene kepengin anggadhahi anak boten purun emahemah.

Lajeng amanggih satunggiling tiyang sepuh ingkang pakaryanipun dados juru tenung, wicantenipun, "Emak, kula punika kepengin sanget anggadhahi anak, kados pundi pertikelipun murih sageda kaleksanan?"

Wangsulanipun juru tenung, "Perkara kowe kepengin duwe anak gampang."

Juru tenung lajeng mendhet wiji gandum saelas, dipun ulungaken, wicantenipun, "Iki ana wiji gandum saelas tampanana, kawruhana, dudu sagandumgandume, lan banjur tanduren ana ing epot, reksanen kang becik, bakal aneh kedadeyane."

Tiyang estri wau sanget bingahing manah, wangsulanipun, "Nuwun, Emak!"

Lajeng wangsul kaliyan angulungaken arta tigang suku. Sareng sampun dumugi ing griya, lajeng dipun tanem wonten ing pot, pangrimatipun boten beda kados angopeni lare alit. Pot wau kasimpen wonten salebeting kamar patileman.

Boten antawis lami wiji gandum wau thukul, enggaling cariyos sampun medal sekaripun, nanging namung satunggal sarta teksih kuncup, rupinipun pethak kados sekar bakung. Tiyang estri wau sanget bingah, kuncuping sekar lajeng dipun ambet, saweg kemawon irungipun tumenpel, sanalika kuncup megar dados sekar langkung edi, ing tengah wonten rupi kados dene ilat sulak ijem, sareng dipun wawaswawas, ing sanginggilipun ilat wau wonten larenipun alit gumlethak sarta bajang, agengipun sajempol suku, lajeng dipun jejuluki Kenyabajang. Tiyang estri wau enggal andamelaken bandhulan, Kenyabajang dipun wadhahi wonten bathoking klapa gadhing, kasuripun saking roning sekar kanthil, kemulipun saking roning sekar rus.

Saben wektu dalu Kenyabajang wau tilem wiwit sonten ngantos dumugi enjing, yen ing wektu siyang dolanan wonten sanginggiling meja. Ingriku dipun sedhiyani toya winadhahan

ing piring jegong, pinggiripun mawi kapraos, ing sanginggillipun toya wonten ronipun gayam salembar, pirantos pepraonan, sarta ron wau dipuntangsuli dening bubatipun kapal kalih eler, minangka penarik, andadosaken senengipun ingkang sami ningali.

Yen pinuju pepraonan ngangge uraura, swantenipun cumengkling angalikalik suraosipun anyenyedhah manah, mila andadosaken gumunipun para ingkang sami mirengaken.

Ing satunggiling dinten wektu dalu, Kenyabajang wau saweg tilem kepati wonten ing sanginggiling bandhulan, lajeng wonten satunggiling bangkong mencolot dhateng patilemanipun, rupinipun sanget awon, badanipun pating prenthol. Ing patileman ngriku bangkong aningali Kenyabajang saweg tilem, ciptanipun, "He, becik temen bocah iki, pantes mungguh didhaupake karo anakku."

Sasampunipun anggadhahi cipta mekaten, bandulan dalah isinipun kabekta mencolot medal, lajeng dhateng rawa pinggir dhusun. Rawa wau sanget lebet, ing pinggir kathah lintahipun, inggih punika griyanipun bangkong kaliyan anakipun. Dene anak bangkong wau rupinipun ugi sanget awon, boten beda kaliyan biyungipun. Sareng anak bangkong aningali dhateng Kenyabajang lajeng mungel, keh! keh! keh! ing batos sanget bingah. Bangkong lajeng awicanten.

"Heh! aja ambrebegi, mengko mundhak nglilir, yen dheweke weruh digawa mreng amesthi banjur minggat, rikating laku kaya upamane elaring pitik digawa angin topan, dadi ora bisa yen anututana. Ing saiki luwih becik digawa menyang tengahing rawa, digawekake omah ana sadhuwure godhong teraten diemperemper kaya dening pulo, supaya aja kongsi bisa minggat, sadurunge dadi gonku nggawekake omah."

Ingriku bangkong lajeng nglangi dhateng tengahing rawa ambekta Kenyabajang dalah bandulanipun.

Lajeng milih panggenan wit terate, ingkang lema sarta ingkang wiyar ronipun, Kenyabajang dipun prenahaken wonten sanginggillipun ron terate.

Sareng byar enjing Kenyabajang wau nglilir, sanget kagetipun dene sampun wonten tengahing rawa, mengamengo ngiwa nengen boten katingal punapa-punapa, kejawi namung katingal toya tuwin wit saha ronipun terate, sanalika tumungkul nagis asenggrukseng-

gruk, sanget nelangsanipun sarta rumaos boten saget oncat saking panggenan ngriku.

Dene bangkong jaler estri saweg nyeruk anggening damel griya wonten satengahing rawa, angempalaken samukawis ronronan, rumput saha oyodoyodan, dipuntata amarikamarik, lajeng awicanten dhateng, semahipun.

”Sing becik panatamu iki omah, awit bakal panggonane mantu kawitan, aja kongsi anguciwani.”

Sasampunipun griya dados, bangkong kaliyan anakipun amurugi panggenaning Kenyabajang, sedyanipun badhe kaelih dhateng griya enggal. Sadherengipun Kenyabajang mengertos dhateng lampahing tiyang gegriya, badhe dipunembani rumiyin ngantos sagedipun mengertos. Kaliyan lumampah badhe ambo-yongi Kenyabajang boten kendelkendel awicanten,

”Iki wong ayu, aku ngaturake bakal jodhomu, becik banjur didherekdherekake. Dene yen wus ijab tumuli boyongan marang omah anyar gonku nggawekake ana ing tengahing rawa.”

Dene anakipun tumut wicanten, ”keh! keh! keh!” awit sagedipun wicanten namung semanten.

Kenyabajang tansah nangis asenggruksenggruk, awit saking sanget sisahipun yen ngantosa jodho kaliyan anak bangkong.

Ing salebeting rawa wau pintenpinten ulam ingkang sami mirengaken swantening bangkong, sadaya sami kepengin badhe sumerep wujudipun Kenyabajang, dene bangkong sanget ing pengalemipun. Lajeng sami pating clurut, wonten ingkang milar amurugi panggenaning Kenyabajang.

Sareng ulam ulam wau aningali rupinipun Kenyabajang lajeng sami tumenga menginggil, mripatipun pating klepyur ngawasaken dhateng Kenyabajang, sarta sami gumun aningali dhateng elokipun warnaning Kenyabajang.

Ciptanipun, ”Ya bener pinunjul Kenyabajang iki, ora pantes yen jodhoa marang anake bangkong kang kaya mengkono rupa-ne, emaneman saka kaelokane Kenyabajang.”

Saking pikajengipun ulamulam ing salebeting rawa, kirang sae yen ngantosa kelajeng, sedyanipun sami badhe dipun paeka murih wurungipun.

Sasampunipun sami rembagan mekaten, ulamulam sedaya sami murugi dhateng panggenaning Kenyabajang, gaganging terate dipuncakoti ngantos sami geges, roning terate pisah lan Kenyabajang sami kumambang ing rawa. Ing waktu punika kaleresan wonten angin topan dhateng, Kenyabajang kabuncang ing angin topan, rikatipun kados dening lampahing baita layar, bangkong saha anakipun boten saged anututi.

Lampahipun Kenyabajang anglangkungi pintenpinten padhusunan, peksipeksi ingkang mencok ing sapinggiring rawa sami mungel ngalem kaelokanipun Kenyabajang.

Dangudangu Kenyabajang dumugi tengahing rawa ingkang sanget wiyaripun, ing dharatan tuwin padhusunan sampun boten ketingal. Lajeng wonten satunggiling kupu pethak mencok ing roning terate ingkang katut kabekta Kenyabajang. Kupu wau ketingalipun welas sarta angeman sanget dhateng Kenyabajang. Kenyabajang ugi sanget bingahipun dene kepanggih kaliyan kupu pethak minangka rencangipun, punapa malih saged angoncati dhateng pikajengipun bangkong, sarta kathah seserepanipun ingkang anehaneh, sedangunipun kabuncang ing angin.

Wektu punika wanci bedhug siyang saweg benterbentering surya, toyanipun rawa pating lebyar, saking bawaning angin topan sarta beninging toya, swantenipun kumrapyak kados dening lampahipun toya seganten celak ing plabuhan.

Ingriku Kenyabajang lajeng bikak cethingipun, ingkang sesisih katangsulaken dhateng suwiwining kupu, sesisih malih dhateng ron terate, dados saya rikat lampahipun, awit kabantu dening kupu.

Saweg rikatrikating lampah, wonten satunggiling wangwung nyamber dhateng Kenyabajang, sukunipun sami rapet anyengkerem, lajeng miber mencok ing witwitan. Kenyabajang katut kabekta ing wangwung, sanget kagetipun, lajeng anjerit nangis saya anelangsa, sarta emut dhateng rencangipun, kupu pethak amesthi boten saged miber, awit dipuntangsuli kaliyan ronipun terate, pangintenipun boten badhe lepas amesthi pejah wonten tengahing rawa.

Wangwung wau boten maelu dhateng panjeritipun Kenyaba-

jang, malah lajeng dipunpernahaken wonten ing ronronan ingkang wiyar, dipunsukani madu sarta tetedhan sanesipun, murih sageda enggal ageng sarta lema, saha dipunalembana, wicantenipun:

”He, menenga bocah ayu, iki aku anyedhiyani pepanganan.”

Boten antawis dangu dhateng pintenpinten wangwung jaler estri, badhe sumerep wujudipun Kenyabajang, lajeng sami awicanten dhateng kancakancanipun, ”He, aneh temen iki, sikile mung loro, lan ana kupinge.”

Kancanipun amangsuli, ”La, rupane ora pantes banget, ora kaya kowe sapepadhaku.”

Wangwung sanessanesipun ugi sami amoyoki bab saking awoning rupi, wicantenipun, ”Kanggo apa kowe miyara kang kaya mangkono, ora lumrah karo kowe lan kancakancamu, luwih becik banjur dibuwang.”

Kenging pangojokipun para kanca, Kenyabajang wau lajeng kabucal dhateng ing wana kaseleh sanginggiling sesekaran wanan. Kenyabajang lajeng nangis asenggruksenggruk. Wangwung wau lepat ing penyana, mangka rupinipun pancen sae, cahyanipun mencorong.

Wetawis sataun wonten wana ngriku Kenyabajang boten nedha, kebenteren miwah tanpa kanca.

Damelipun ing sadinten-dinten ngolahngalah panggenan, manggen ing sanginggiling sesekaran, perlunipun anesepi maduning sekar ingkang minangka penggesanganipun. Dene ingkang dipunombe toya ebum ingkang sami sumangsang ing sesekaran utawi ronronan, sarta angempalaken ronronan dipun ten pelaken ing witwitan minangka griyanipun, pirantos ngaub menawi kebenteren tuwin bilih kejawahan.

Dumugi mangsanipun jawah, peksipeksi ingkang sabenipun sami ngalih panggenan, dados ing wana wau sanget sepenipun, ronronan saha sesekaran sami gogrog, panggenanipun Kenyabajang ugi risak babarpisan, awit kabekta ing angin saha jawah deres, ing sadintendinten Kenyabajang tansah katisen dering jawah.

Ing sacelakipun wana ngriku wonten tilas pegagan, dereng lami pantunipun dipunneni, damenipun teksih sami ngadeg. Kenyabajang lajeng ngalih panggenan tilas pegagan wau. Saking

pengraosipun sanes tilas pegagan anginten yen wana ageng, lajeng amidermider ing pegagan ngriku, aningali guaning tikus dipunlebeti. Sareng sampun dumugi ing salebeting guwa, ing lebetipun ketinggal asri angraosaken, toya jawah boten saged lumebet, sarta wonten lumbungipun kebak isi pantun, anggenipun ngempalaken tikus saking ing pegagan wau, wonten pawonipun tuwin gudhang pirantos wadhah tetedhan warniwarni. Dene ingkang gadhah guwa wau tikus pethak sampun sepuh.

Kenyabajang lajeng amurugi panggenanipun tikus pethak, sedyanipun badhe ngenis tetedhan, awit saking kaluwen sampun kalih dinten boten manggih tetedhan.

Tikus pethak wau, sareng aningali Kenyabajang sanget welasipun, lajeng kapurih lumebet sarta dipunajak nedha sareng-sareng.

Kenyabajang sanget bingahipun, dene tikus pethak ugi mekaten, ketarik saking eloking rupi tuwin saening tatakramanipun. Tikus pethak lajeng awicanten:

”Upama kowe gelem manggon ing kene ngladeni aku, ya banget bungahku, nanging kudu sregep mrenata isining guwa, sarta sarehning kesenengaku marang dedongengan, kowe kudu andongeng.”

Wangsulanipun Kenyabajang, ”Inggih prayogi.”

Ing satunggiling dinten tikus pethak awicanten, ”Engger! aku duwe tetangga sugih, gedhonge becikbecik mindeng sasanja mrene, coba awasna yen teka kene, kredhonge bae beludru sutra, upama kowe condhong ing pikir iku becik banget, mung bae mripate cadhok. Yen dheweke teka mrene kowe becik andongengake kang anehaneh.”

Kenyabajang wau boten patos maelo dhateng rembungipun tikus pethak, awit sepisan dereng nate sumerep rupinipun, kaping kalih mripatipun cadhok. Adat ingkang sampun, dhatengipun tamu wau wektu sonten. Sareng dumugi mangsanipun sonten, tetamu dhateng arupi Ratuning tikus.

Boten geseh kaliyan rembagipun tikus pethak, kredhongipun beludru sutra, gedhong saha isenising griya ngawonaken tikus pethak, kesagedanipun ugi anglangkungi, sarta anggadhahi sirikan

kalih warni, inggih punika boten purun aningali dhateng srengenge saha dhateng sesekarān.

Sasampuning sami jagongan, Kenyabajang dipunpurih uraura, Kenyabajang amiwiti, andadosaken renaning tikus pethak saha tetamunipun.

Gancanging cariyos Ratuning tikus kedanan, ananging saking sagedipun boten ketawis, yen Ratuning tikus wau anggadhahi pangangkah dhateng Kenyabajang.

Ingriku Ratuning tikus lajeng damel mergi terusan, saking griyaning tikus pethak dumugi griyanipun, sarta anyariyosaken yen tikus pethak saha Kenyabajang badhe sanja dhateng griyanipun kenging anglangkungi mergi enggal wau. Namung kemawon yen ing tengah mergi manggihi bathanging peksi sampun sami kaget.

Ing sarehning mergi enggal wau sanget petengipun, Ratuning tikus lajeng mendhet eting alit, wiwit sami lumampah, ingkang dados pengajengipun Ratuning tikus, awit minangka panedah mergi. Lampahipun sampun celak kaliyan gedhongipun Ratuning tikus wau, jandhelaning griya ketingal, sumilaking lampu amadhangi, Kenyabajang aningali wonten satunggiling peksi gumlethak. Sareng katitipriksa kenyatahanipun peksi kedhali, pejahipun pejah kaken jalaran katisen.

Kenyabajang sanget welasipun dhateng peksi kedhali wau, awit pancen ambeg welasan. Ratuning tikus lajeng wicanten,

”Kenya! iku bathang manuk kedhali, dudu anakku, wis lumrahe yen manuk kedhali saben mangsa udan greceh akeh kang padha mati.”

Kenyabajang boten amangsuli. Sareng Ratuning tikus sampun wiwit lumampah malih, peksi enggal kapendhet dening Kenyabajang dipunambungi, ciptanipun:

”La iki manuk kang sregep ngoceh yen ing mangsa ketiga, swarane anganyutanyut.”

Kenyabajang kaliyan tikus pethak lajeng sami wangsul, Ratuning tikus ugi angeteraken wangsulipun ngantos dumugi griya.

Kenyabajang sedalu boten saged tilem, tansah emut dhateng peksi kedhali ingkang pejah wau.

Kintenkinten wanci tengah dalu, Kenyabajang anjojot bangsaning sesekaran, ingkang kados dening kapas, lajeng dipun tenun kangge kemul, rupinipun sae, lemes sarta empuk, kabekta dhateng panggenaning peksi wau, kemul dipun lurubaken sarta dipun kasuri, mendhet saking pirantosipun tolem tikus pethak. Wicantenipun,

”He, manuk kedhali, kang sregep ngoceh yen ing mangsa ketiga, welas banget aku andeleng wujudmu.”

Wicanten mekaten sirahipun tumungkul sacelaking peksi wau. Boten antawis dangu kemuling peksi ketinggal ebah, kemul enggal kabikak, peksi dipun cepeng, sanget bingahipun dene peksi dereng pejah, namung klenger saking bawaning asrep, lajeng mendhet kemul malih ingkang dipunangge kemul kalurubaken, ing sedalu muput boten tilem anenggani peksi wau.

Dangudangu peksi wau saged nglilir sarta sampun melek, ananging dereng anggadhahi kekiyatan, kangge melek kemawon teksih rekaos. Sareng ketinggal dening Kenyabajang peksi sampun saged melekmelek sarta sampun saged ngadeg, Kenyabajang sanget bingah, jalaran saking pitulunganipun. Peksi lajeng wicanten,

”He, manusa kang ambek becik, lan kang murah ing budi, banget panarimaku, rumasa yen bisa urip lan bisa miber maneh, mung wae durung anduweni kekuwatan.”

Kenyabajang amangsuli, ”Sabarna dhisik, senjata wis anduweni kekuatan menenga ana sajroning kemul, krana ing jaba isih banget adheme, aku kang ngopeni ing kowe lan bakal ngleksanani apa kang dadi penjalukmu.”

Peksi lajeng amangsuli, ”Banget panarimaku, dene kowe sudi mupu sarta angopeni marang mahluke Allah kang nandhang sangsara kaya mengkene.”

Ingriku Kenyabajang anyukani ombenomben sarta tetedhan, peksi sampun waras kados ingkang sampun, Kenyabajang apitaken bebukaning lelampahanipun, peksi lajeng amangsuli, wicantenipun,

”He, manusa kang ambek welas marang sato kewan, mungguh bebukaning lelakonku dakcritakake kaya ingisor iki,

Ing sawiji dina aku mencok ana ing wit salak, suwiwiku kecocog ing eri kongsi ora bisa miber maneh, banjur tiba ing lemah

sarta sumaput, elingku wus ana sajroning guwa iki, dene sababe ana sajroning guwa, aku ora weruh.”

Ing selaminipun mangsa jawah, peksi kedhali wau tetep manggen wonten salebeting guwa, dipunupakara dening Kenyabajang. Dene tikus pethak saha Ratuning tikus boten sumerep yen Kenyabajang wau angopeni dhateng peksi kedhali.

Kacariyos, sasampuning mangsa jawah gentos mangsa ketiga, peksi kedhali wau pamitan dhateng Kenyabajang badhe miber mesat saking guwa ngriku. Ananging saderengipun kelampahan, apitaken rumiyin dhateng Kenyabajang, bok menawi anggadhahi manah kepengin numpak ing gigiripun badhe kabekta miber dhateng ing wana. Wangsulnipun Kenyabajang boten badhe tumut. Peksi kedhali lajeng miber. Kenyabajang sanget nelangsanipun katilar dening peksi kedhali, rumaos boten nggadhahi kanca. Sejan ing wektu punika sampun mangsa ketiga boten kenging medal saking ing guwa ngriku, awit pikajengipun tikus pethak Kenyabajang wau badhe kadhaupaken kaliyan Ratuning tikus, badhe bekakasing grija sacekapipun ingkang sae-sae, Ratuning tikus sagah ngawontenaken. Kenyabajang dipunpurih ngantih, nenun saha padamelan sanes-sanesipun, siyang dalu mboten wonten kendelipun, kabantu dening garanggati sekawan.

Kenyabajang kapeksa kedah purun dhaup kaliyan Ratuning tikus.

Ing saben sonten Ratuning tikus wau dhateng, ingkang dipun rembag mboten sanes kejawi namung badhe pesta dhaupipun kaliyan Kenyabajang, dene Kenyabajang wontenipun namung nelangsa, awit saking sungkanipun yen ngantosa dhaup kaliyan Ratuning tikus.

Saben sampun byar siyang medal saking gua, mlampah-mlampah anylamur saking kesisahanipun, mbok menawi saged pinanggih kaliyan peksi kedhali kekasihipun. Ananging peksi kedhali wau mboten wonten dhateng malih.

Ing wektu punika penganggenipun Kenyabajang badhe dhaup kaliyan Ratuning tikus sampun sedhiya, Ratuning tikus sampun nemtokaken dinten badhe dhaupipun kaliyan Kenyabajang.

Kenyabajang sanget sisah saha nelangsa, guyanipun pucet,

manah ruwet.

Tikus pethak anyumerepi menggah saking kasisahanipun Kenyabajang wau, wicantenipun, "Yagene, dak wawas-wawas kowe kaya anandhang susah kang banget, semu-semune ora gelem dak dhaupake karo Ratuning tikus. Pangiraku iku kang dadi sababe. Aja amengkono ta! Coba pikiren, semono kasugihane, krudhuke bae angendah-endahi. Raja ing saalam donya masa anaha kang anduweni krudhuk kaya mengkono. Poma-poma welingku aja kongsi anampik, mundhak andadekake gemesing atiku, yen mbok banjurake kowe bakal cilaka dening aku. Arep golek jodho kang kaya apa, sepisan sugih raja brana, ping pindho sugih pari, lumbunge jejer-jejer kabeh padha kebak isi pari, panemuku wus begja banget. Luwih becik banjur sukur ing Pangeran bisa anduweni jodho Ratuning tikus."

Kacariyos kaperluanipun ingkang badhe kangge pesta sampun sedhiya, Ratuning tikus ugi sampun dhateng, kantun ngentosi sangatipun kangge ijab.

Sedyanipun Ratuning tikus sasampuning ijab badhe kaboyongon dhateng guanipun ing salebeting siti, Kenyabajang sanget nelangsa, wicantenipun:

"He! srengenge! rembulan! lintang-lintang! wektu iki pungkasanane nggonku andeleng wujudmu! He! kembang-kembang, pencokane manuk kedhali, aku amitungkas, menawa mitraku si kedhali teka, salam pandongaku aturna!"

Sedanguning rembagan mekaten, mireng pangocehing peksi kedhali kaliyan amurugi panggenanipun Kenyabajang lajeng tumenga menginggil, sanget bingahipun, dene ingkang dhateng wau peksi kedhali mitranipun ingkang siyang dalu dipunajeng-ajeng. Peksi kedhali mekaten ugi, dene saged pinanggih malih.

Kenyabajang lajeng nyariosaken lelampahanipun, yen kepeksa badhe kadhaupaken kaliyan Ratuning tikus, badhe kaboyongon dhateng guanipun ing salebeting siti.

Peksi kedhali lajeng awicanten: "Yen kowe arep angoncati marang kekarepane tikus putih lan Ratuning tikus, becik kowe manuta salakuku, aku arep lelungan adoh marang panggonan panas, dalane angliwati alas-alas lan segara. Dene yen kowe wis

rujuk, aku kang nanggung ing lelakonmu. Upama kowe kuatir yen ta tibaha, becik dak taleni ana ing gigirku. Ing satemene aku iki rumangsa banget kepotangan kebecikamu, nalikane aku nandhang sangsara ana sajroning gua, ing lahire yen dudu kowe kang amitu-lungi ora bakal bisa weruh maneh ing alam donya, sabisa-bisa aku arep males kabecikan marang kowe.”

Kenyabajang mboten amangsuli malih, lajeng kemawon numpak ing gigiring peksi kedhali, badanipun katangsulan dhateng gigiring kedhali, Kenyabajang lajeng kabekta miber. Ing awang-awang sanget asrepipun, Kenyabajang nusup dhateng wuluning peksi kedhali, dangu-dangu dumugi panggenan ingkang kajujug.

Soroting srengenge sumilak, langit ketingal resik angremenaken. Ingriku wonten telaganipun, pinggiring telaga kathah wit-witan kurma, anggur, jeram saha sesekaran ingkang wangi-wangi. Ing pelataranipun ketingal resik, sarta kathah lare-lare sami dolanan anyepengi kupu. Kupu wau sanget kathahipun, saha ageng-ageng, wulunipun warni-warni anyenengaken.

Peksi kedhali wau lajeng kemawon iberipun saya tebih, saya tambah aneh ingkang sami ketingal. Lajeng wonten satunggiling keraton ketingalipun sumeblak pethak, angajengaken telaga wiyar toyanipun bening, pinggiripun kebak tetaneman warni-warni, sarta sekar-sekaran, wonten ingkang ijem, abrit, jene, pethak, jingga, ketingalipun saking ing ketebihan sanget endah sarta asri. Dene gedhongipun ugi sanget endah, jogan saha undhak-undhakanipun saking marmer. Ing sanginggiling gedhong kathah susuhing peksi kedhali, malah griyanipun peksi kedhali ingkang mbekta Kenyabajang wau ugi wonten ing riku.

Sasampuning dumugi susuhipun, peksi kedhali awicanten, ”Lah, Kenya, iya iki rupaning panggonaku, saiki kowe luwih becik goleka kembang kang alus-alus kanggo pelungguhamu.”

Kenyabajang sanget bingahipun, lajeng ngupados sesekaran badhe kangge griyanipun.

Wonten sacelaking kraton ngriku aningali sekar ingkang langkung endah, Kenyabajang lajeng lumebet sanget gumunipun, dene ing salebeting sekar wau wonten tiyanipun, sebabag kaliyan Kenyabajang, namung kaot jaler, kulitipun mumplak pethak,

dedeg pengadegipun mboten geseh kaliyan Kenyabajang, sirahipun ngangge makutha jene, ing githok kalih pisan wonten suwipun.

Kenyabajang sanget kagetipun, dene ing salebeting sekar wonten tiyangipun. Kenyabajang semu merang, lajeng tumungkul kaliyan angawasaken, sarta bisik-bisik dhateng peksi kedhali, wicantenipun.

”Bagus temen rupane! Isin aku angawasake kebagusane.”

Mekaten ugi ingkang dipunawasaken, sareng aningali Kenyabajang lajeng kamitenggengen, senajan kamitenggengen malah dados bagusipun, awit dereng nate priksa tiyang estri ingkang cahyanipun mancur mencorong kados Kenyabajang, lajeng apitaken kaliyan tembung manis, wicantenipun:

”Sinten ingkang kekasih lan ing pundi pinangkanipun, saha kaliyan sinten rawuh ing riki?”

Kenyabajang amangsuli kaliyan tumungkul, aturipun: ”Dhateng kula ing riki kaliyan punika pun peksi kedhali.”

Pangeran Kate sanget kayungyunipun ningali kaelokaning Kenyabajang. Sampun mboten sabar malih lajeng kemawon anyelaki, wicantenipun: ”Kenya, kados pundi bebukanipun ngantos saged dumugi ing riki?”

Kenyabajang tansah tumungkul kemawon, semu kalingseman jalaran manah anggadhahi pikajengan, awit saking kebagusan, tuwin kawanteranipun Pangeran Kate. Lajeng njawil dhateng peksi kedhali, nedha dipunwangsuli pitakenipun. Peksi kedhali sampun mangertos pikajenganipun Kenyabajang, enggal dipunwangsuli, wicantenipun:

”O, Pangeran Kate, mekaten sejatosipun. Tiyang punika jejulukipun Kenyabajang, kesah ngumbara ngriki namung perlu angupados griya, dene ingkang dipunremeni kaleresan sekar punika, mboten nginten yen wonten ingkang kagungan. Mugi wontena sih pangapunten rehning saking mboten sumerepipun,”

Pangeran Kate amangsuli: ”He, manuk kedhali, prekara iku ora dadi apa, aku iya malah bungah, denen ana kang sudi marang panggonaku, apa maneh dhayoh iki andadekake penujuning pikirku.”

Kenyabajang sareng mireng wangsulanipun Pangeran Kate mekaten radi kaget, lajeng mundur linggihipun, mripat kalih pisan anglirik dhateng Pangeran Kate sengadi kirang pinuju ing manah, dene mekaten wangsulanipun. Ananging salebeting manah sanget bingah, namung kuatosipun Kenyabajang yen rembag wau namung lamis, ananging sejatosipun pancen sampun tunggil kajeng.

Pangeran Kate sampun nampi sedaya pasemonipun Kenyabajang, lajeng awicanten: "Mugi sampun dadosaken penggalhipun Kenya, rehning radi kelajeng wangsulan kula, awit selaminipun kula wonten ngalam donya saweg sapisan punika aningali rupi ingkang kados dening sang Kenya."

Gancanging cariyos, Pangeran Kate lajeng anglamar, Kenya bajang sampun mboten manah malih, penglamar wau enggal dipuntampi, awit sapisan nunggil bangsa, kaping kalih sebabag rupi landedeg pengadegipun, beda kaliyan nalika kalamar bangkong tuwin Ratuning tikus. Punapa malih Kenyabajang wau badhe dipunjumenengaken Ratuning sedaya sesekaran.

mBoten antawis dangu dhateng gumrudug para abdinipun Pangeran Kate badhe ngladosi Kenyabajang, sedaya wau sami kate. Sasampunipun lajeng dhateng pinten-pinten tamu jaler estri sami ngaturi kahormatan dhateng Kenyabajang, sarta ngaturi pasung-sung warni pengangge rupi-rupi.

Sabibaring dhaup, Kenyabajang dipun jumenengaken angratoni sedaya sesekaran, jejuluk Kenya Ratu Kusumaning Puri, sarta bau kiwa tengen dipuntrapi suwiwi kangge pirantos miber, ingkang supados sampun ngantos rekaos yen amriksa dhateng sedaya sesekaran.

Pangeran Kate sekaliyan sanget anggenipun sami akaron sih, bawanipun sami sembaba ing rupi, punapa malih Pangeran Kate wau ing salaminipun dereng palakrama, tur mboten purun dhateng lampah ingkang mboten kalal.

JIN ESTRI

Ing salebeting seganten punika toyanipun bening sanget, saking beninging toya ngantos ketingal biru kados dening langit. Jalaran saking lebeting seganten wau, ngantos mboten saged kasumerepan ing wekasanipun. Ing riku kayanganipun para jin, sampun anginten yen dhasaring seganten punika namung isi wedhi thok. Ing dhedhasar wau saleresipun minangka tetamanan ingkang wiyar, kebak isi kekajengan warni-warni, oyod-oyodan, rerumputan, sedaya wau sarwa edi tuwin aneh-aneh, ron-ronan ingkang wonten dhasaring seganten wau tipis-tipis sarta lemes, tandhanipun wonten ingkang sami keli, kepanggih dening tiyang. Ing antawisipun kekajengan kathah pinten-pinten ulam seganten ingkang ageng-ageng tuwin alit manggen ing riku, sami pating klopak pating clurut, saminipun upami wonten ing dharatan kados denin peksi miber ing awang-awang, ingkang wonten ing wana sami pating bleber. Ing antawising ron-ronan kesaru kaliyan rupining sesekaran.

Dhasaring seganten ingkang lebet piyambak wonten keratonipun Raja seganten ingkang langkung endah, kadamel saking merjan abrit, jendhela-jendhela saha kori-kori saking bahar. Dene payonipun saking kijing ingkang aneh-aneh warninipun, wonten ingkang belang, wungu, jingga sapanunggilanipun. Payon ing kamar-kamar, milih kijing ingkang sae, sarta racak agengipun, pamasanging kijing aben mancung. Asring-asring payon wau sok mengkab-mengkab awit kabekta saking ilining toya.

Setunggil-tunggiling kijing ing lebet wonten mutyaranipun, mila andadosaken gumunipun ingkang sami ningali. Punapa malih yen kijing wau pinuju mengkab, mutyaranipun ketingal sedaya, sorotipun gumebyar kados dening pengilon kesorotan ing srengenge.

Kacariyos ingkang jumeneng Raja ing riku sampun lami sanget mboten kagungan garwa padmi. Ingang ibu teksih sugeng, ananging sampun sepuh sanget. Punika ingkang minangka dados prameswari. Sang Raja putri wau saged sanget amemantes ing salebeting keraton, namung cacadipun kagungan penggalih dhiri (angkuh), agem-ageman ing sadinten-dinten mutyara mboten ki-

rang saking kalih welas. Inggang sanes-sanes senajan darah bangsa luhur, kathah-kathahipun namung ngagem gangsal utawi nenem.

Raja seganten wau kagungan putra putri nenem sami pinunjul ing warni, inggang langkung endah wuraglipun, dedeg lencir, mripat bening, kekulitanipun jene. Dene sang Raja putri wau sanget gumatinipun dhateng para putri sadherek-sadherekipun.

Para putri nenem wau ing sadinten-dinten padamelanipun namung ameng-ameng ing salebeting kraton. Ing salebeting kraton ngriku pinten-pinten kamaripun. Upami jendhela dipunbikak, kathah ulam inggang sami lumebet, upaminipun ing dharatan kados dening peksi grija, saba mlebet medal ing gedhong-gedhong, namung bedanipun ulam-ulam wau sami tutut, ngantos kening dipunraup dening para putri.

Ing saubenging kraton wonten petamanipun kebak isi wit-witan warni-warni sarta aneh, wonten inggang ronipun abrit, biru, jingga, pethak sapanunggilanipun. Wohipun ndados-ndados kathah inggang sami bunder-bunder kados dening mundhu, ketingalipun saking ing katebihan ngantos riu-riu. Ing salebeting petamanan marginipun kinarikil alit-alit kacampuran wedhi, wedhinipun pating krilap sulak biru. Yen toyaning seganten pinuju kendel sarta mboten wonten angin, srengenge sok ketingal abrit, sorotipun sae, kados dening rupinipun kluwung (teja), inggang sumorot dhateng ron-ronan (wit-witan) sanget angremenaken.

Para putri wau sami remen kekebon, anggadhahi bunderan piyambak-piyambak, pengaturanipun beda-beda sami angaben kesaenaning kebon. Dene inggang sae piyambak penganturipun putri inggang wuragil, penaneming sesekaran dipunpisah-pisah, abrit sami abrit, ijem sami ijem salajengipun, sesekaran wau sanget asrinipun, kados dening gambar sesekaran inggang wonten ing babut.

Lelampahaning putri inggang wuragil wau beda kaliyan sadherek-sadherekipun, mboten remen ngangge inggang aneh-aneh, upami ngangge sekar namung sarupi milih sekar inggang abrit, dene para sadherek wau yen angange-angge milih pengangge inggang aneh-aneh, sarupining sesekaran dipunpethiki kangge cundhuk. Sang putri wuragil wau pasemonipun kendel,

mboten patos purun rerembagan yen mboten perlu. Dene yen pinuju ameng-ameng mboten purun ngangge kanca, kejawi namung kaliyan golek satunggal, kadamel saking sela marmer pethak, pengukir saha rupi sanget bagusipun. Pinangkaning golek wau nalika wonten baita ageng ingkang kelem ambles dhateng keratonipun Raja segara. Golek wau dipunglethakaken wonten sangandhaping wit gebang, Anuju satunggiling dinten sang putri wuragil ameng-ameng wonten sacelaking wit gebang, lajeng aningali dhateng golek wau enggal kapendhet, salajengipun golek mboten pisah-pisah kaliyan sang putri. Karemenganipun sang putri wuragil mboten sanes kejawi namung mirengaken pangandikanipun ingkang eyang bab cariosing bangsa manusa, ingkang sami manggen wonten ing dharatan, cariosipun baita ingkang sami lelayaran wonten ing seganten, bab kawontenaning negari ingkang rame-rame, saha bab sato kewan ingkang wonten ing dharatan tuwin ingkang sami miber ing awang-awang. Inggang sanget andadosaken gumuning sang putri, nalikanipun ingkang eyang anyriyosaken kawontenaning sesekaran ing dharatan mawi angganda wangi, peksi-peksi sami saged mungel tur mawi angadhahi lagu piyambak-piyambak. Sang putri sasampuning mirengaken sanget kepegning aningali kawontenanipun ing dharatan.

Inggang eyang angendika dhateng para wayah sedaya, benjing yen sampun umur gangsal welas taun kenging minggah ing dharatan, ningali baita ingkang sami lelayaran, negari ingkang ramerame saha kawontenanipun ing wanawana. Sanget andadosaken bingahipun para putri, sarta sami bedhami yen sampun kaleksanan badhe anyriyosaken ingkang sami dados pemanggihipun ing dharatan. Ing wektu punika putri ingkang pembajeng saweg umur 14 taun, sadherek-sadherekipun racak sami kaot nyetaun, dados putri ingkang wuragil saweg umur 9 taun, kengingipun minggah ing dharatan kirang 6 taun malih, ing mangka ingkang kepengin sanget minggah ing dharatan wau namung sang putri wuragil. Ing saben tengah dalu asring-asring wungu saking sare, lajeng bikak jendhelaning kamar aningali toyaning seganten, ulamulam pating klopak sami bebujengan kaliyan kancanipun. Langit ketingal pethak semu biru, soroting rembulan saha lintang-lintang boten patos

mencorong, awit kalingan dening toyaning seganten. Asring-asring wonten ulam ingkang ageng langkung ingriku, ulam ingkang alit-alit lajeng sami buyar, awit saking ajrihipun yen kamangsa, wonten ingkang umpetan ing antawisipun kekajengan, wonten ingkang lumebet umpetan dhateng kamaripun putri ingkang wuragil, sedyanipun nedha dipun belani kesisahanipun. Kadhang-kadhang ugi sok wonten baita ageng ingkang langkung ingriku. Sang putri wuragil sareng aningali wonten baita langkung, rumaosipun jleg wonten ing lebeting baita kemawon, awit saking kepenginipun sumerep dhateng tiyang ingkang anggadhahi baita wau, tuwin ingkang sami anumpaki, ciptanipun kados punapa rupining manusa punika, dene aneh sanget cariyosipun. Ananging ingkang sami wonten ing salebeting baita boten sumerep yen wonten satunggiling Jin ingkang kepengin sangat sumerep dhateng wujuding manusa.

Kacariyos sasampuning putri ingkang mbajeng umur 15 taun, lajeng dipun paringi idin minggah dhateng dharatan. Wangsul saking ing dharatan kepethukaken dening para sadherekipun dhasar putri ingkang pembajeng wau pancen ayu kawewahan besus ing anggenanggenipun, punapa malih bab sageding cariyos, dados saged sanget merceka nyriyosaken pemanggihipun ing dharatan murih dados senenging para sadherek wau. Lajeng wiwit anyriyosaken nalikanipun wonten ing pulo alit, sitinipun sedaya wedhi malela, kasorotan dening padhanging rembulan tanggal kaping kawan welas, wedhi melela wau ketinggal sami gumebyar. Saking ing pulo ngriku aningali malih bab wiyaring seganten, toyanipun pating krilap awit kabekta dening alun seganten, andadosaken bingahipun sang putri.

Sasampuning dumugi anggenipun aningali, lajeng kesah malih dhateng negeri ingkang ageng sarta rame, ingriku aningali pinten-pinten lampu sarta ting-ting ingkang wonten ing mergi ageng sami dipunsumed, padhanging lampu-lampu sarta ting kados dening lintang ing langit. Aningali malih warni-warni tetinggalan, gamelan saweg sami dipuntabuh, lampahing dhokar, cikar pating grudug, tiyang-tiyang ingkang wonten ing panggenan rame swantenipun gumuruh kados dening gumruduging toya lepen.

Putri wuragil wau sanget remen sarta bingah amirengaken

cariyosipun, awit ingkang kacipta ing manah namung badhe sumerep kawontenanipun ing dharatan.

Sasampuning amirengaken cariyos wau, putri wuragil yen ing wektu dalu ngantos boten saged tilem, awit tansah kasengsem cariyosing sadherekipun.

Gantos taun putri ingkang penggulu minggah ing dharatan, wiwit aningali wiyaring seganten, sanget bingahipun lajeng mlampah amidermider.

Ing wektu punika sampun badhe surup srengenge, mangsanipun candhik kala, isenisening dharatan sami mawa cahya ketinggal gumebyar abrit semu jene, awit kesorotan dening sura. Sareng aningali ing sisih kilen ketinggal mencorong abrit, mega-mega sumeblak, ketinggal abrit sepuh sulak jene tumemepel wonten ing biruning langit, kados dening jene sinangling. Sang putri lajeng lumampah mangilen badhe anyatakaken kados punapa celakipun, dereng ngantos sayah lampahipun sedaya cahya ingkang ketinggal wau sampun sirna awit kabujeng suruping srengenge.

Gentos taun malih putri ingkang angka tiga minggah ing dharatan, kawontenanipun anglangkungi kaliyan ingkang sanesanes, purun dhateng muara lumampah ing pinggir-pinggiring lepen ageng, Ing sakiwatengening lepen tetanemanipun ingkang sae-sae, kathah wohipun anggur sami mateng-mateng, andadosaken senenging para ingkang sami aningali, ketinggalipun saking ing katebihan pating grombyok campur kaliyan ingkang saweg wiwit abrit (nyadham), punapa malih kathah panggenan ingkang sampun resik tilas dipunpaculi badhe kangge tetaneman.

Kejawi saking tetaneman, kathah gedhong ingkang sae-sae, ngajengaken kekebonan wau, plataraning gedhong ketinggal ari dipun pasangi krikil saha wedhi. Pintenpinten peksi wonten ing wit-witan ngriku sami ngoceh, ketinggalipun remen awit saking mirahing tetedhan utawi kathahing wowohan.

Ing wektu punika mangsanipun srengenge ambenteri, saking bentering hawa andadosaken boten kiyatipun ingkang nembe dhateng ingriku. Nyai putri wau sakedhapsakedhap ambyur ing lepen, awit saking sumukipun, lajeng aningali pintenpinten lare sami adus wonten ing kedhung pating jlegur sami nglangi, Nyai

putri kepingin sanget tumut adus, ananging sareng dumugi ing panggenan ngriku, larelare wau sami ajrih, lumajeng pating jlerit.

Boten antawis dangu wonten satunggiling segawon cemeng dhateng anjegugi, nyai putri sanget ajrih, lajeng wangsul dhateng ing kayanganipun, sarta boten badhe kesupen sedaya ingkang sampun dipuntingali wonten ing dharatan.

Dene putri ingkang angka sekawan sanget ajrihipun, namung minggah dumugi ing sangingiling seganten, boten purun dhateng pundipundi, namung anut lampahing alun wonten ing tengah seganten. Sasampuning dumugi griya cariyos dhateng ingkang rama Ratuning segara, aturipun:

”Rama, dados kados mekaten kawontenanipun ing sangingiling seganten punika, ketalipun wiyar angilakilak, seganten purika dipunkurung dening langit biru, sanget saenipun. Kejawi punika kula ugi aningali malih baita lelayaran saking ing katebihan, kados dening banyak saweg nglangi. Dene ingkang celak kula namung ulam seganten sami pating clurut, lajeng wonten satunggaling ulam cucut sanget agengipun, anyemburaken toya saking cangkempipun menginggil ngantos kados dening pancuran.”

Putri ingkang angka gangsal minggahipun ing dharatan kaleresan saweg mangsa bedhidhing, dados pemanggihipun beda kaliyan para putri sanesipun. Toya ing seganten sari dados es, agengipun sarediredi, rupinipun mumplak pethak, yen kenging soroting srengenge katingalipun pating krilap ambleregi.

Nyai Putri lajeng minggah ing pucuking red es ingkang inggil piyambak, ingriku aningali baita layar langkung, ananging boten purun celak kaliyan redi, es wau, malah saya anebihi awit saking ajrih. Yen ing wektu sonten langit ketutupan ing mendhung, lajeng peteng dhedhet, kawewahan angin ageng, dhateng, swantening toya seganten gumuruh, awit saking ageng ing alun, ngantos redi es wau sami sumyur kabentur ing alun. Punapa malih swantening gludhug tuwin kathahing gelap bating cleret tuwin pating gleger. Lajeng wonten jawah ageng, mila andadosaken mirisipun tiyang ingkang sami numpak baita.

Ananging nyai putri boten maras manahipun, malah saya bingah aningali mega cemeng kados dening kulambu sumampir ing

awangawang, aningali gelap pating cleret kados dening cumlo roting jemparing. Rambutipun nyai putri sami mosakmasuk awit saking agenging angin.

Para putri ingkang sampun sami angsal idin minggah ing dharatan, asring-asring minggah ing sanginggiling seganten, sami aningali kawontenaning laut tuwin dharatanipun.

Aningali sepisan, kaping kalih kawontenanipun tansah ajeg kemawon, wonten ugi gumunipun yen pinuju aningali ingkang dereng nate kasumerepan. Ananging saking kerepipun aningali dados lajeng bosen boten anggadhahi kesenangan, teksih remen sarta langkung kraos wonten dhasaring seganten, awit keratonipun langkung aneh tinimbang kawontenanipun ing dharatan, punapa malih kawontenaning peksipeksi ugi langkung sae ing dhasaring seganten.

Kala-kala wektu sonten putri gangsal wau sami lumampah sesarengan minggah sanginggiling seganten, yen pinuju wonten baita layar langkung sami angrumiyini lampahipun kaliyan atetembangan, suraosipun anengsemaken manah, ingkang sami numpak baita, sampun kuatos sarta ajrih dening alun tuwin ombak ageng. Swantenipun sami cumengkling angalik-alik membatmentul anjejet manah. Namung uwelipun para matrus tuwin ingkang sami numpak baita boten mengertos rembaganipun para putri Jin wau, kintenipun swantening angin anrejang dhateng lampahing baita. Upaminipun saged mengertos dhateng rembaging para putri Jin, inggih langka sanget yen sageda lumebet dhateng dhasaring seganten, awit tetembanganipun para putri wau anyuraos bab kabingahan, tuwin kasaenanipun keraton ingkang wonten dhasaring seganten, dados upaminipun manusa saged lumebet ing dhedhasar wau, ingkang mesthi dereng dumugi ing panggenan sampun kebujeng pejah wonten ing mergi.

Yen pinuju para putri gangsal wau sami bidhal minggah dhateng ing dharatan, putri ingkang wuragil sanget nelangsa ing manah, awit saking kepinginipun tumut boten kepareng dening rama, awit dereng mangsa, ciptanipun:

”Lah, besuk kapan umurku bisa ganep 15 taun! Kepengin banget weruh dhuwuring segara ing dharatan lan negaranegara

kang rame. Kaya apa rupaning manusa, dene wartane padha becik-becik.”

Gancang carios nyai putri wuragil sampun jangkep umuripun gangsal welas taun, nyai putri lajeng tinimbangan dening kangjeng Raja putri, inggih punika eyangipun ingkang momong para putri wau, dhawuhipun:

”He, putuku, enggal dandana, saiki wus dakidini munggah marang dharatan kaya bakyu-bakyumu.”

Nyai putri wuragil wau dipunbusanani dening ingkang eyang, ngangge makutha tuwin pengangge ingkang endah-endah Kajengipun badhe boten dipunbusanni ingkang edi-edi, ananging kapeksa dening ingkang eyang, pangandikanipun.

”Yen munggah ing dharatan kudu menganggo kang becik-becik, awit yen ora mengkono ora ana tandhane yen putrane Raja ing dhasar segara.”

Mila sang putri wuragil lajeng dipunanggenanggeni ingkang sarwa edi, pancen pinunjul ing warni karengga dening busana.

Nyai putri wuragil sanget bingah, rumaos saged kaleksanar ingkang dados pikajenganipun, badhe amidermider ningali kawontenanipun ing dharatan.

Saderengipun bidhal, nyai putri pamitan sarta nyuwun berkah dhateng ingkang rama saha ingkang eyang. Sasampuning angsal pangestunipun para sepuh lajeng bidhal, lampahipun alonlonan ketawis seneng ing manah, pancen putri pinunjul ing warni kasembadan sedayanipun. Dalah pantesing lampah angungkuli kaliyan putri sanes sanesipun.

Sareng dumugi sanggiling seganten, kaleresan srengenge sampun surup, sorotipun teksih sumilak abrit, mega ingkang cemeng kening soroting srengenge ketingal pating glaler kados tumumpang wonten dhasaring jene, ketingalipun angremenaken, kawewahan ing antawising mega wau wonten lintang sonten medal cahyanipun sumilak padhang. Ing wektu punika langit ketingal resik, boten wonten jawah sarta angin, hawanipun asrep, toya seganten kendel sulakipun ijem asri tiningalan, mila nyai putri dahat kacaryan. Boten antawis dangu wonten baita layar ageng langkung, sakanipun ingkang ketingal tiga, dipun pasangi motha,

para matrus sami ngadeg kempal wonten antawising saka wau, anandhakaken kebingahanipun, wonten ingkang nyuling, ura-ura tuwin singsot. Sareng sampun dalu lampulampu ing salebet- ing baita dipun sumed sedaya ketingal sumilak padhang, bende- raning baita katingal wela-wela, awit kesorotan dening padhang- ing lampu. Sareng sampun peteng nyai putri numpak lampahing alun anyelaki dhateng panggenanipun baita. Ingriku nyai putri saged ningali kawontenan ing salebetipun baita, saged sumerep tiyang sami andherekdherek, penganggenipun sarwa endah. Ing antawising tiyang wau wonten setunggal ingkang rupinipun pi- nunjul, socanipun blalakblalak, lambe abrit, pawakan ambam- bang, tuwin sembada dalah penganggenipun, menggah tiyang wau saleresipun jumeneng pangeran Anom, yuswa nembelas taun, wek- tu punika kaleres saweg pesta jumenengipun. Para matrus tuwin sanes-sanesipun sami surak-surak, nandhakaken bingahing manah, lajeng ingkang jumeneng pangeran Anom dhateng ing panggenan pesta, dipun sarengi kaliyan upacara, kahormatan ungeling mre- con, mriyem tuwin surak ambalambalan, swantenipun ngantos gu- muruh.

Sekar api pating clorot wonten ing awangawang, dhawahi- pun latu pating klepyur. Nyai putri wau saben wonten mriyem mungel kaget, lajeng slulup, boten dangu mencungul malih muru- gi dhateng panggenan pesta, awit saking remenipun aningali ing- kang saweg jumeneng pangeran Anom.

Ing salebetipun baita padhang kados dening rina, nyai pu- tri anggening ningali satunggiltunggilipun isining baita, tuwin bab rerengganipun tetela sanget. Dene penujuning paningal na- mung dhateng pangeran Anom. Punapa malih eramipun nyai pu- tri, yen aningali palenggahan dalah rerengganipun, sedaya solah bawa sarta pacaking busana dados condhongipun nyai putri.

Kacarios saya dangu saya dalu, pesta lajeng kendel, tiyang- tiyang sami wangsul dhateng kamaripun piyambak, lampulampu sami dipun pejahi ketingal sanget petengipun. Nyai putri wau boten purun wangsul awit saking kedanan dhateng pangeran Anom. Namung ngungunipun nyai putri wau, dene mentas mireng- aken sarta ningali swantening mriyem tuwin mrecon pating jegur,

lampulampu dipun sumed, wusananipun lajeng sanget sepi, lampulampu sami dipun pejahi, ketingalipun peteng dhedhet tanpa swanten punapapunapa, saminiipun kados jangkrik saweg ngerik kepidak dening tiyang langkung. Mangka ing wektu punika toya seganten wiwit badhe umok, ing awang-awang swantening gludhug pating jegur, kados dening redi badhe bledhos. Ananging nyai putri wau senajan dipunbektu ombak molakmalik tansah ayem kemawon boten anggadhahi kuatos. Dangudangu baita wau lampahipun saya rikat, alun saya wewah ageng, unthukipun toya seganten sami muncrat dhateng baita. Mega ketingal peteng gumaler wonten ing awangawang, swantening gludhug saya kathah, gelap pating cleret, kados dene dados pertandha yen badhe wonten prahara. Para matrus menek nggulung mothanipun, senajan baita wau dipuntrajang alun mobatmabit, para matrus pamenekipun boten wonten ingkang dhawah. Alun ingkang dhateng agengipun sami kaliyan redi, sareng nrejang dhateng lampahing baita, sanalika baita boten ketingal, ananging boten dangu baita mencungul malih.

Nyai putri remen sanget aningali lampahing baita katrejang dening alun, awit kakinten yen sampun dados kulinanipun, ananging para matrus tuwin ingkang sami wonten salebeting baita sanget ajrih, anginten yen baitanipun mesti rusak katrajang ing alun, manahipun sedaya sami aketirketir.

Boten antawis dangu sakaning motha tugel, baita lajeng miring kalebetan toya.

Ingriku nyai putri saweg anginten yen baita wau kacilakaan, lajeng angatosatos sampun ngantos kerebahan tuwin kepen celatan bekakasiipun baita.

Mangka ing wektu punika lajeng peteng dhedhet, swantening alun gumuruh. Sareng wonten celereting gelap, nyai putri saweg priksa yen baita wau sampun badhe kelem. Para matrus sanget gugup sarta bingung, wonten ingkang bengakbengok nedha tulung, wonten ingkang sami nangis. Sareng baita sampun klelep, ingriku rupirupi solahing para matrus, wonten ingkang nglangi, wonten ingkang numpak blabag, sami sasaged-sagedipun piyambak, wonten ugi ingkang klelep lajeng pejah. Dene nyai putri

wau boten wonten malih ingkang dipunawasaken kejawi namung dhateng pangeran Anom, nalikanipun baita kelem nyai putri aningali solahipun pangeran Anom saweg anglangi kados sampun boten anggadhahi kerkat, lajeng tinututan dipun tulungi, sirahipun enggal kasangga, supados sampun ngantos kelebetan toya, andadosaken mulya tuwin sakecaning pangeran Anom. Sareng ketrejang ing alun raosipun kados wonten ing bandulan, mekaten lelampahanipun ngantos dumugi enjing. Omoking seganten tuwin angin ageng ical, srengenge ketingal mencorong wonten sisih wetan, cahyanipun sumringah abrit amadhangi saalam donya. Nyai putri tansah angatosatos penjaganipun dhateng pangeran Anom. Sareng dipun waspadakaken rupinipun pangeran Anom wau jibles kaliyan goleg marmer anak anakanipun ingkang wonten salebeting keraton dhasaring seganten.

Nyai putri sanget keyungyunipun dhateng pangeran Anom, boten seranta malih lajeng kemawon dipunambung, ciptanipun :

”Panuwunku marang kang mubeng alam. Mugamuga pangeran iki pinaringana urip terus, bisa maluya kaya mau-maune.”

Boten antawis dangu dumugi ing dharatan, kathah rediredi ketingal saking ketebihan, pucuking redi ketutupan dening pethak. Ing sapinggiring pesisir wonten wananiipun gelagah, satengahing wana wau wonten redinipun ageng sarta inggil, puncaking redi wonten gedhongipun. Temboking gedhong kesorotan dening srengenge ketingal mumplak pethak, plataranipun sumilak resik, sarta kathah tetanemanipun warniwarni, cangkoan jeram Bali, jeram keprok, dlima pethak, dlima abrit tuwin sapanunggilanipun, sadaya wau saweg mangsanipun awoh. Ing sangajenging regol kathah witipun klapa, ingkang ugi saweg nehdeng-nehdengipun awoh. Boten tebih saking regol ngriku wonten enggokenggokanipun toya seganten, lajeng dados kedhung lebet, toyanipun kendel sarta bening, boten nate ketrajang angin ageng, awit kedhung wau dipun apit ing redi alit-alit, sapinggiring kedhung kebak wedhi melesa, ketingalipun sumilak resik, prayogi kangge pirantos ameng-ameng. Ingriku jujugipun nyai putri ambekta pangeran Anom. Pangeran lajeng dipun tilemaken wonten sanginggiling wedhi, kabantalandening lumut garing, pikajenganipun sageda

angsal hawa benter sawetawis.

Boten antawis dangu wonten swantening bendhe ngungkung saking gedhong, lajeng brubul pintenpinten para putri medal saking gedhong ngriku badhe ameng-ameng dhateng kedhung wau. Putri Jin semu kawirangan, lajeng kemawon njegur dhateng seganten alingalingan ing karang, supados sampun ngantos ketingal dening para putri ingkang saweg dhateng. Ananging sanajan umpetan tansah angawasaken dhateng pangeran Anom, badhe sumerep sinten ingkang anyelaki. Ingriku wonten satunggiling putri ingkang murugi panggenanipun pangeran Anom, sareng putri aningali dhateng pangeran Anom sanget kaget sarta ajrih, cengkelak lajeng wangsul, ananging boten antawis dangu dhateng malih bekta kancakancanipun sedaya, lajeng angrubung dhateng pangeran Anom. Sareng para putri sami dhateng, pangeran Anom angli-lir, lajeng linggih sarta angesemi dhateng para putri ingkang sami wonten ingriku. Putri Jin sanget gumun, dene dhateng piyambakipun boten purun mesem sarta boten anyukani semu, boten mangertos saleresipun pangeran Anom wau saking boten sumerepipun dhateng putri Jin, utawi dereng priksa yen ingkang angentasaken saking babaya ugi sang putri, mila andadosaken saking manahipun putri Jin. Punapa malih sareng aningali pangeran Anom wau dipun bekta dhateng gedhongipun para putri, putri Jin sampun boten kewawa nandhang prihatos, luhipun anderodos, lajeng kemawon ambles ing seganten mantuk dhateng kahyanganipun ing dhasar seganten.

Sasampuning dumugi kedhaton, sedherek-sedherekipun sami apitaken seserepanipun utawi pitaken punapa sababipun dene dhateng angemu sisah.

Sang putri boten purun mangsuli, amung tansah karantaran-ta dhateng sang pangeran Anom, luh tansah anderodos, guyanipun pucet. Mila asring-asring minggah dhateng pinggiring kedhung ngriku, ngajengajeng medalipun, Pangeran Anom, kepengin badhe sumerep wujudipun. Ananging meksa boten saged sumerep. Sareng wangsul saya sanget sisahipun, guwaya tambah pucet sampun boten anggadhahi kebraen. Rahayunipun putri Jin wau anggadhahi golek marmer ingkang wangunipun ceples kaliyan pangeran Anom,

punika ingkang dados panglipuripun putri Jin, sabensaben dipun kekudang tuwin dipun arasi. Petamananipun ingkang kebak sesekaran boten kopen, sedaya sami alum sarta kathah ingkang pejah.

Sedherek-sedherekipun sedaya sami gregeten, angungsed ing pitakenipun, sabab punapa dene beda kaliyan sabensaben. Dangu-dangu lajeng waleh, anyariosaken sanget kayungyunipun dhateng pangeran Anom. Para putri sedaya sami welas, nedya badhe ambelani dhateng sedherekipun. Putri ingkang sepuh piyambak lajeng awicanten:

Ing saiki becike ayo padha dolandolan marang sakiwa tengene gedhong panggonane pangeran Anom.”

Sederekipun sedaya sami amangsuli prayogi saha putri Jin sedaya sampun bidhalan anjujug sacelaking gedhongipun pangeran Anom. Sareng aningali gedhongipun sami sanget gumun, dene rerengganipun angendah-endahi, tembok-temboking gedong pethak sulak jene, undhakundhakanipun marmer, joganipun ugi marmer ngangge sesekaran, wiwit saking ngajeng ngantos dumugi wingking. Wuwungipun ngangge menara tembagi abrit, ketingalipun mencorong abrit, awit ing sadinten-dinten tansah dipun gebeg. Ing pinggiring gedhong tuwin saka-saka sedaya ugi marmer mawi ukirukiran, antawising sakasaka kebak gambargambar, reca, wong-wongan, ingkang kadamel ugi marmer, ketingalipun saking katebihan jibles kados dening tiyang gesang.

Ing salebeting gedhong kathah kamar-kamaripun, sedaya kebak dening bekakas ingkang, saesae, punapa malih sangandhaping bekakas wau mawi dipunjerengi babut ingkang kandel tur mawi sekar-sekaran.

Ing kamar patileman klambunipun sutra ungu, ngangge sesekaran, ingkang kadamel benang emas, gambar ronronan tuwin gambar sesekaran, rupi pethak jene saha ijem, plisiripun ngangge sesekaran warni-warni, langkung asri tiningalan saking ketebihan, mila andadosaken kasengsemipun para ingkang sami aningali.

Kamar patileman ingkang ageng piyambak wonten toyanipun mancur menginggil, dhawahipun mengandhap, toya wau kumep-yur lambat kados dening toya jawah, ing sangandhapiipun kata-

dhahan dening karangkarang ingkang agengageng, sarta dipun-ubengi dening potpot sekar, yen ing wektu enjing kesorotan dening srengenge, toyanipun ketingal pating krilap, cahyanipun sumorot dhateng isen-isening gedhong sedaya, saya andadosaken eramipun para ingkang sami aningali.

Sareng putri Jin ingkang wuragil sampun priksa gedhongipun pangeran Anom, asring-asring mencungul ing sacelaking gedhong wau, malah meh saben mahrib dhateng ingriku. Ing satunggiling wektu anyelaki dumugi undhak undhakanipun gedhong wau. Wektu punika tanggal kaping kawan welas, rembulan ketingal padhang, kaleresan pangeran Anom saweg lenggah anganginangin anyekecakaken selira wonten sangajening gedhong, anginipun angidid, andadosaken senengipun pangeran Anom, boten priksa yen wonten satunggiling putri Jin, ingkang saweg andhedhep kepengin badhe pinanggih.

Kejawi punika ugi sampun pinanggih, nalikanipun pangeran Anom wau pinuju ameng-ameng baitan wonten ing pinggir seganten, dipuniringaken dening tetabuhan warniwarni. Putri Jin umpetan sawingkinging karang kaliyan angawasaken dhateng solahtingkahipun pangeran Anom, rambutipun katutupan ing rai, ingkang supados sampun ngantos wonten ingkang anyumerepi.

Nalika putri Jin wau umpetan ing sawingkinging karang, aningali kathah ingkang sami angupados ulam, rembagan kaliyan kanca-kancanipun, nyariosaken kaelokaning pangeran Anom, bab kasugihanipun, gumati dhateng para kawulanipun, tresna dhateng para abdiabdi, ulat sumeh dhateng para tamu, mertandhani yen musthikaning manusa, mila dados suyudipun para kawula sedaya. Punapa malih bab agem-agemanipun sarwa endah, tuwin blaba dhateng pekir miskin, angapura dhateng kawulanipun ingkang nandhang dosa.

Putri Jin, wau sareng mirengaken rembagipun tiyang ingkang sami ngupados ulam mekaten, sanget bingahipun, lajeng emut nalikanipun pangeran Anom dipun entasaken saking bebaya, sarta kabopong tuwin dipun arasi.

Saya lami putri Jin wau saya sanget remen dhateng bangsa manusa, ngantos anggadhahi kepengin tetep manggen wonten ing

dharatan. Kintenipun putri Jin, ing dharatan wau langkung wiyar tinimbang kaliyan dhasaring seganten, dene saged amuter muter baita, anjajah ing redi-redi sarta anginten yen saged ngambah ing awang-awang.

Emanipun putri Jin wau, mboten priksa tatacaraning manusa, sadherek-sadherekipun sedaya mboten saged anerangaken, awit piyambakipun ugi mboten priksa. Namung eyangipun ingkang saged anyumerepi tatacaraning manusa, mila sang putri lajeng apitaken, tembungipun:

”Eyang! kados pundi tatacaraning manusa, dene mboten purun slulup wonten seganten, punapa saged gesangipun kados kita punika?”

Wangsulanipun ingkang eyang: ”Ora bisa, manusa luwih cendhak umure tinimbang kita. Kita iki bisa urip kongsi telung atus taun, yen wus mati banjur dadi unthuking segara, ora cara nganggo dikubur. Mung bae manusa anduweni nyawa sipat langgeng, yen wus mati bisa urip maneh. Sing luwih begja kang becik amale, sok bisa manjing ing surga, iya iku panggonan kamulyan kang sampurna.”

Inkang wayah matur malih: ”Punapa sababipun dene kita mboten anggadhahi nyawa kados manusa? Yen mekaten sedya kula badhe ngaturaken umur kula ingkang tigang atus taun, dipunlintonana sedinten, supados sageda pikantuk swarga mulya.”

Inkang eyang amangsuli: ”Kita ora perlu anduweni cipta kang kaya mengkono, wus luwih begja tinimbang manusa.”

Wangsulanipun: ”Yen mekaten mbenjing sasampuning dumugi janji, mboten badhe saged anyumerepi sesekaran ingkang saesae, sorotipun srengenge tuwin mboten saged mirengaken punapa-punapa. Kula kepengin sanget anggadhahi nyawa kados manusa, kados pundi eyang pertikelipun?”

Inkang eyang amangsuli malih: ”Ora bisa putu. Mung bae yen ana sawijining manusa kang tresna marang kowe luwih saka bapa biyung, lan kowe tresna marang iku uwong, amesthi kowe bisa katularan nyawaning manusa. Ananging susah pertikele, sebab kita iki anduweni buntut kang dadi pangalembananing liyan, ing mangka iku dadi pangewan-ewaning manusa, sabab manu-

sa iku tinekdir padha anduweni sikil loro.”

Sasampunipun ingkang eyang angandika mekaten, putri Jin lajeng noleh aningali buntutipun, sanalika kendel anjenggruk. Inggang eyang angandika malih.

”Aja mengkonono putu, kawruhana, umur telung atus taun iku suwe banget, ing sajroning telung atus taun cukup kesenangan. Mengko sore bapakmu arep gawe pesta rame-rame, becik enggal dandana. Luwih utama dadi putri Jin, samangsané wus mati banjur ora mikir apa-apa maneh.”

Inggang wayah tansah kendel tumungkul mboten amangsuli.

Dumugining wektu dalu ing keraton dhasaring seganten wiwit adamel pesta ingkang seklangkung rame, pendhapi pirantos kangge ngibing dipun pajang-pajang dening sawarnining isi seganten, kuwuk susun, kijing sapanunggilanipun, wonten ingkang warni pethak, abrit, kesumba, jene saha loreng, pemasangipun aben mancung.

Ing satunggil-tunggiling kijing dipun pasangi dilah minangka lampunipun, cahyaning lampu semu biru, amadhangi sedaya ing salebeting keraton. Ing seganten ugi kesorotan padhang, warni-warni ulam seganten ketinggal sami mijah, kados dening tumut aningali pesta, punika tambah andadosaken senengipun para ingkang sami dhateng ing panggenan pesta ngriku.

Ing tengah-tengahing keraton wonten sendhangipun, ing riku para putri Jin wau sami suka-suka, wonten ingkang sami ngibing, wonten ingkang gendheng, kadumugen sapikajengipun piyambak-piyambak. Swantenipun mibat mentul angalik-alik, punapa malih bab lagunipun, sembada kaliyan warnining putri. Dene ingkang pinunjul piyambak sedayanipun, inggih punika putri ingkang wurangil, yen sampun wiwit anggandheng, para tamu sedaya sami surak sarta keplok, awit saking pinujuning manah, sarta dados panglipuring manahipun putri Jin wau. mBoten antawis dangu emut malih kawontenan ing dharatan, emut dhateng pangeran Anom, saha emut bab kapenginipun anggadhahi nyawa kados dening manusa, lajeng seblak kesah dhateng panggenan ingkang sepen, bidhal dhateng taman seganten, anglipuraken manahipun, mumpung ing keraton para tamu saweg suka-suka.

Ing riku wonten alun dhateng swantenipun gumuruh, saya tambah emutipun dhateng pangeran Anom, anginten yen saweg lelayaran plesiran numpak baita. Ciptanipun.

”Kaya apa rasane ditresnani dening pangeran Anom, bisane animbangi karo katresnanku, ing mangka katresnanku luwih-luwih tinimbang karo bapa biyungku. Kepriye kang dadi pretikelku murih bisane asih marang aku. Sepira kangelane amesthi bakal daklakoni, merga bagja banget yen aku bisa urip kaya nyawaning manusa.”

Sasampuning anggadhahi cipta mekaten, lajeng emut badhe nedha tulung dhateng juru tenung, mbok menawi saged suka pitulungan. Dene griyanipun juru tenung wau celak pusering toya seganten, mboten tebih saking gedhong ngriku. Merginipun rumpil sanget, kedah anglangkungi ing pepuser wau, ingkang sekalangkung angajrihi, swantening toya gumuruh. Punapa kemawon ingkang langkung celak ing pepuser ngriku amesthi lajeng sirna ambles mengandhap keserot dening toya. Saking kencing tuwin eklasing manah, putri lajeng merem wiwit angambah ing pepuser ngriku, sanget angatos-atos sarta anenuwun murih wilujenging lampah. Sakedhap lajeng ngambah seganten endhut, panasipun kados dening wedang saweg umob, lampahipun kandheg mangu, ananging mboten kamanah.

Kacariyos griyanipun juru tenung wau wonten ing satengahing seganten endhut, sakiwa tengening griya wana ageng, kathah wit-witan warni-warni kagubed dening oyod-oyodan, warninipun kados dening sawer, pating klewer anggegilani, ketingalipun pating krembyah, wonten ingkang kados dening tanganing manusa, drijinipun panjang-panjang, punapa kemawon ingkang sampun kecepeng mboten saged ual malih ngantos dumugi pejah.

Putri Jin wau sasampuning dumugi wana ngriku, aningali ingkang kados mekaten sanget ajrihipun, ngantos anggadhahi cipta badhe wangsul malih. Ananging sareng emut dhateng pangeran Anom saha dhateng nyawaning manusa, lajeng kemawon cancul, rambutipun kagelung, sedhakep angeklasaken badanipun, wiwit lumampah anglangkungi ing antawising kekajengan, ingkang kados tanganing manusa wau, lajeng pating krembyah badhe nyepeng

dhateng putri Jin, ananging putri Jin sampun angatos-atos, lampahipun arerikatan, saged langkung saking bebaya ngriku. Putri Jin sanget gumun sarta ajrih aningali sedaya ingkang kados tanganing manusa wau, sami anggadhahi cecepegan piyambak-piyambak, wonten ugi ingkang anyepengi bangsaning jin.

Lajeng ngambah malih mergi ingkang kebak dening sawer warni-warni, sarta ageng-ageng, sami pating kringkel wonten ing tengah mergi, sedaya wau bangsaning sawer mandi ingkang purun nyakot, wonten ingkang padharanipun semu jene, semu abrit belang saha wonten ingkang gondhok, punika ingkang langkung galak. Ananging putri Jin sampun mboten anggadhahi ajrih, punapa malih dhateng bangsaning sima sapanunggilanipun.

Ing riku lajeng aningali satunggiling griya mumplak pethak, ananging sanes griya tembok, ingkang kadamel balung-balunging manusa ingkang kelem ing seganten, dipun kalempakaken kangge griya. Juru tenung saweg linggih ing sangajenging griya, amakani ingah-ingahanipun bangkong, sarta akalung sawer sanget agengipun, dhadha brewok anggegilani.

Sareng juru tenung aningali putri Jin dhateng, lajeng kemawon awicanten, "Aku wus sumurup kabeh kang dadi karepmu! Kowe iku bodho banget, dene anduweni kekarepan marang manusa. Iya bisa, ananging bakal nandhang cilaka. Kowe rak kepengin ngilangake buntutmu, bisaha anduweni sikil loro kaya manusa, supaya bisa mlaku ana ing dharatan, lan supaya pangeran Anom dhemen marang kowe, iya ora? Lan maneh iya kepengin anduweni nyawa kaya manusa, iya apa ora?"

"Inggih mekaten."

Juru tenung sasampuning pitaken lajeng gumujeng angguguk, ngantos sawer kaliyan bangkong wau sami dhawah kaget. Lajeng awicanten malih dhateng putri Jin.

"Kowe iku satekamu ing kene kalebu begja banget dene ambeneri wektune. Upama kowe teka dina sesuk, aku mesthi ora bisa tulung marang kasusahanmu, kudu angenteni maneh setahun lawase. Ing saiki ngantiya ana ing kene, aku arep gawe kang dadi isarate. Sadurunge mlethek srengenge kowe kudu lelangen ana ing pinggir pasisiu, banjur ngombe isarat kang arep dak gawe

iki. Sawuse kowe ngombe, buntutmu mulur mendhuwur, ananging banjur mengkered, dadi sikil loro kaya dening sikile manusa. Mung bae kawruhana, wektu iku lara banget, rasane kaya dene dirajang-rajang. Sawuse bisa dadi manusa, dadi sawijine wong wadon kang angluwihi ayune.

Ananging saben kowe njangkah arep lumaku, amesthi kerasa lara, kaya dene angidak pucuking eri, lan sikilmu amancur-mancur metu getihe. Kepriye apa kirane kowe keduga anandhang lara, kang mengkono? Yen keduga bakal dak leksanani kang dadi keka-repamu.”

Wangsulani pun: ”Inggih kedugi anglampahi.”

Juru tenung awicanten malih: ”Lan sing eling, sawuse kowe dadi manusa, ora bakal bisa balik maneh dadi jin, lan ora bisa ketemu karo sedulurmu kabeh. Upama kowe wus dadi manusa, mangka pangeran Anom mau ora anduweni katresnan marang kowe, amesthi kowe ora anduweni nyawa kaya dene manusa. Yen pangeran Anom wus nikah marang ing liyan, kowe tartamtu serik atimu, prihatin banget nelangsa, banjur dadi unthuking segara. Lan maneh aku bakal anduweni penjaluk, minangka pituase kangelanku, dene pituas mau dudu rupa rajabrana. Sarehning kowe iku anduweni suwara kang kepenak, angungkuli swaraning sakabeh makhluk kang ana sajroning segara, senajan pangeran Anom yen angrungu swaramu amesti banjur kedanan. Iku musthikaning duwekmu kudu bok wenehake marang aku, minangka panukuning tamba, sabab iku tamba larang banget regane, sarate kudu dimomori getihku.”

Putri Jin amangsuli: ”Upami swanten kula sampeyan tedha, punapa wonten malih ingkang dados paitan kula?”

Wangsulani pun juru tenung: ”Yaisih ana. Dedeg rupa lan cahyamu angungkuli sapa dhapadhaning manusa. Saka iku bae wus bisa angirut marang sakabeh manusa. Mula panjalukku sing eklas saiki ilatmu enggal peletna arep daktugel, ing kono lagi bisa oleh isarat kanggo tamba.”

Gancang carios sarehning putri Jin wau sanget kapenginipun, lajeng ameletaken ilatipun, ananging juru tenung lajeng awicanten: ”Mengko dhisik.”

Juru tenung lajeng ngengkrongaken ceret resik dhateng ing pawon, tambatamba wau sedaya dipunlebetaken ing ceret kacam-puran toya. Ingriku juru tenung andhodhogi dhadhanipun, brebel medal rahipun saking irung katadhahan ing ceret wau, dipungo-dhog kacam-puran isarat sanessanesipun. Kelukipun cemeng angge-gilani, katambahan bumbu warniwarni. Umobipun tamba wau anyuwanten kados swantening bajul amijah.

Gancanging carios sampun mateng, tamba wau warninipun sanget bening.

Wicantenipun: "Iki isarate. Nanging prenekna ilatmu."

Lajeng kemawon ilat wau kakethok, boten kacariosaken sakitipun, wiwit punika putri Jin boten saged anggendheng tuwin rembagan.

Juru tenung awicanten malih: "Saiki baliya, yen ing dalan kowe arep dicekel dening kayu kang tanganan, cipratana banyu tamba iki bae, amesthi banjur padha tugel tangane."

Putri Jin lajeng bidhal mantuk, dumugi kekajengan ingkang tanganan wau, tamba dereng ngantos dipunciprataken, sedaya kekajengan sami mengkered, ajrih dening perbawanipun. Boten antawis dangu sampun dumugi keraton dhasaring saganten, sedaya sampun sami sirep, boten wonten ingkang manggen ing jawi, pesta sampun bibaran.

Putri Jin wau boten purun lumebet ing keraton, awit angga-dhahi sedyo badhe miruda. Ing wektu punika sanget nelangsani-pun, lajeng bidhal dhateng ing petamanan badhe methik sekar tetanemaning sedherekipun, minangka kangge tandha katresnan. Lajeng aningali palenggahipun ingkang rama, ugi minangka pungkasing aningali palenggahan wau. Sasampunipun lajeng minggah menginggil, badhe dhateng pesisir sacelaking gedhongipun pangeran Anom. Lampahipun agegancangan, nglangi ing seganten boten kendel-kendel, sampun ngantos kerumiyinan melethekeing srengenge. Dumugining undhak undhakan marmer gedhongipun pangeran Anom wau, keleresan rembulan teksih padhangpadhangipun, lajeng linggih ing sacelaking undhakundhakan ngriku, sasampuning ngaso, tamba wau dipun ombe. Sanalika badanipun kraos pating trecep kados dipuncublesi dening jarum, lajeng semaput klenger

angathangathang.

Tanganipun kraos benter kesorotan srengenge, kados dipun garang wonten ing sanginggiling latu. Sareng melek aningali pangeran Anom saweg ngadeg wonten ing undhak-undhakan, angawasaken dhateng piyambakipun. Putri Jin wau semu angandhut isin, lajeng tumungkul kaliyan amespadakaken badanipun, buntut sampun boten wonten, gentos warni suku kalih kados manusa.

Putri Jin sanget wirangipun, dene wektu punika teksih wuda, lajeng kemawon badan wau dipun tutupi dening rambutipun Rambut wau ketinggal cemeng males panjangipun ngantos kesreh ing suku.

Pangeran Anom lajeng apitaken tembungipun: "Kowe iki sapa, lan saka ngendi pinangkamu?"

Putri Jin lajeng tumenga menginggil, mandeng ingkang apitaken. Boten amangsuli awit boten saged rembagan. Pangeran Anom kagiwang ing manah aningali saking elokipun, cahya mansur, mripatipun mencorong resik. Lajeng dipun sukani pengangge sapengadeg kabekta dhateng gedhongipun.

Putri Jin wau saben jangkah kraos sakit kados dening kecocog pucuking jarum, sukunipun mancur medal rah. Ananging boten dipun raos, tansah kapeksa kemawon, lampahipun alon-alonan, sedaya tiyang sami pating plenggong eram aningali saking elokipun. Sasampuning dumugi ing gedhong, penganggening Putri Jin wau dipun gentos malih ingkang langkung sae. Pangeran Anom sareng aningali putri Jin sampun gentos pengangge, manahipun sangsaya kagiwang, dene angungkuli sedaya putri ingkang wonten salebeting gedhong, bab saking anggenipun boten saged rembagan sampun boten kamanah malih. Pangeran Anom sanget bingahipun dene nampi kabegian manggih putri ingkang seklangkung elok. Dumugining wektu dalu ing keraton damel pesta, ngangge tetinggalan srimpi, ingkang sami dados srimpi mendhet para bedaya ingkang pilihan, penganggenipun serba sarwasae, punapa malih bab igelipun. Para bedhaya wau wonten satunggal ingkang warnipun langkung sae, kesagedanipun ugi angungkuli tinimbang ingkang sanes, punapa malih swantenipun. Yen sampun wiwit anjoged para tamu sedaya sami suka sarta keplokkeplok,

pangeran Anom ugi mekaten.

Pesta wau namung perlu angurmati dhateng putri Jin, ananging putri Jin sareng aningali para bedaya sami ngibing, ing salebeting manah kepengin sanget angedali, awit rumaos kesagedanipun angungkuli, namung sedhihing manah dene sampun boten anggadhahi suwanten, mila lajeng anggagas-gagas, yen pangeran Anom wau boten lajeng asih dhateng piyambakipun. Kepengini-pun sanget angetingalaken jogedipun, ananging boten saged kawedal.

Pangeran Anom priksa dhateng pikajenging putri Jin wau, awit ketawis saking pasemonipun, lajeng kemawon andhawuhaken supados angedalana ngembari jogedipun para bedhaya.

Putri tumungkul ulatipun sumeh, mertandhani badhe angleksanani dhawuhipun pangeran Anom, namung ugi anggadhahi kuwatos yen boten dados condhonging manah.

Pangeran Anom saya sanget kepengin badhe priksa solahipun, lajeng kemawon ngadeg saking kursi, pancen putri Jin Wau dados musthikaning putri ing dhasar seganten, boten anggadhahi watak adigang adigung adiguna, ulat sumeh, dedeg pidegsa, badan gilik lurus saha ramping. Saweg lampahipun kemawon ingkang ningali sami pating plongo. Sasampuning wiwit angibing ngangge sajak pengajaran keraton ing dhasar seganten. tandang saha lemesipun angungkuli para bedhaya sedaya, ingkang ningali sami kamitenggengen, pangeran Anom ngantos meh kalimput, para bedhaya sami pating pleleng awit saking gumunipun.

Pangibingipun putri Jin boten dangu, awit namung perlu kangge anyekecakaken penggalihing pangeran Anom, lajeng wangsul malih dhateng palenggahanipun lami.

Pangeran Anom sanget bingah sarta lega manahipun, dene manggih putri ingkang warni tuwin kesagedanipun angungkuli dhateng para putri sedaya, pangandikanipun.

”Iki putri ing salawas-lawase aja kongsi pisah karo aku.”

Ugi sampun wenten tandhanipun, yen pinuju kekesahan, senjata numpak kapal, putri Jin wau amesthi dipunbekta.

Asringasring yen pinuju wektu dalu sampun sirep tiyang, putri Jin wau medal saking keraton dhateng pinggiring seganten,

perlu wisuh toya seganten sageda asrep sukunipun. Wektu punika kemutan dhateng sedherek-sedherekipun sedaya tuwin dhateng ingkang rama Raja seganten.

Anuju satunggiling dalu putri Jin wau saweg mlampah-mlampah ing pinggir seganten, boten antawis dangu sedherek-sedherekipun sedaya ketinggal sami dhateng, putri Jin wuragil anyariosaken sedaya lelampahanipun wiwitan ngantos dumugi wekasan. Sedherek-sedherekipun sanget welas sarta sedhah amirengaken.

Wiwit ing wektu punika saben dalu sadherek sedherekipun sedaya amanggih dhateng pinggir seganten, dene ingkang rama tuwin eyang namung manggihi saking ketebihan kemawon, awit rumaos sampun sepuh, boten kados putra-putranipun sedaya.

Kacariyos malih pangeran Anom, saya lami saya sanget tresnanipun, ananging namung dhawah wonten ing katresnan kemawon, babar pisan boten anggadhahi pikajengan yen badhe kaningkaha. Ing mangka putri Jin wau sanget angajeng-ajeng sageda enggal kaningkah kagem garwa, perlunipun sageda anggadhahi nyawa kados dening manusa. Upami boten saged kaleksanan, benjing pejahipun amesthi dados unthuking seganten, kados ingkang sampun kacariyosaken dening juru tenung.

Ing satunggiling dinten, putri Jin wau tansah amandeng kemawon dhateng socanipun pangeran Anom, sang pangeran sampun ananggapi dhateng pikajengipun sang putri, pangandikanipun:

”Nyai! kowe iku becik banget lelakuwamu, lan dakwaspadake suwe-suwe kaya putri kang atetulung marang aku, nalikane arep kelem ing segara. Wus pirang-pirang dina gonku kumambang ana sadhuwuring segara, banjur katut kegawa ing alun tumeka ing pinggiring segara. Ing kono banjur ana sawijining putri metu saka gedhong kang ana pinggiring segara, aku digawa lumebu marang gedhong mau, diopeni kongsi aku bisa slamet waluya maneh. Wiwit ikut tumekane saprene aku tansah kelingan marang kabecikane putri iku, apa maneh pancen pinunjul ing rupane, sabar lan gelem atetulung marang wong kang lagi anandhang sangsara, mula aku kepengin banget arep amales marang kebecikane. Ananging putri mau ora bisa metu saka gedhonge, aku mung

ping pindhone bisa ketemu. Dene mungguh rupane ceples ora geseh serambut karo kowe. Mula banget gonku tresna marang kowe minangka gegentining putri kang dakcaritakake iki, sarta panuwunku marang kang murbeng alam, aja pisah kongsiya tumekane jaman pati.”

Ciptanipun putri Jin: ”Heh, nyata bener ora sumurup marang kang ambelani kesusahane, mangka aku kang ambopong siraha wiwit ana tengahing segara kongsi tumekane pesisir, banjur dak-turokake ana pinggiring segara. Aku sumurup marang putri kang ditresnani dening pangeran Anom luwih saka aku.”

Ananging lajeng anggadhahi cipta malih, ”Yen mengkono isih begja aku, dene saben dina aku bisa ketemu karo pangeran Anom, lan marang ing endi aku tansah digawa, sarta anduweni kesaguhan arep bela marang aku ing selawase urip.”

Kacariyos, pangeran Anom wau badhe kadhaupaken kaliyan satunggiling putri putra Raja ing negari sabrang, malah ing wektu punika sampun sedhiya badhe bidhalipun, baita ingkang kangge tumpakan sampun kapajang-pajang, pinten-pinten ingkang badhe angiring bidhalipun dhateng negari sabrang.

Putri Jin sareng mireng, lajeng gumeter, ananging manahipun percaya sanget dhateng pangeran Anom.

Pangeran Anom lajeng awicanten, tembungipun: ”Nyai, kawruhana, aku tanpa dhawuhe ibu, kadhawuhan marang negara sabrang, marani putri putrane Raja sabrang. Kowe aja sumelang pikirmu, yen iku putri bakal dakningkah, sabab sepisan aku durung sumurup watake, kaping pindho babar pisan durung sumurup ing rupane. Upama aku anduwenana karep rabi, amesthi milih kang wus sumurup marang adat ke akuwane lan tandha lelabuwane.”

Putri Jin sareng mireng wicantenipun pangeran Anom mekaten, sanget bingahipun, sarta anemtokaken yen badhe saged kabul sedyanipun anggadhahi nyawa kados dening manusa.

Sareng sampun dumugi dinten patembayanipun, pangeran Anom saha putri Jin lajeng bidhal numpak baita, kairingaken wadya bala tuwin para kewanuhanipun. Wonten tengahing seganten pangeran Anom apitaken dhateng putri Jin:

”Nyai! apa kowe ora wedi ana ing tengahing segara?”

Putri Jin mireng pitakenipun pangeran Anom mekaten lajeng mesem. Pangeran Anom anyariosaken yen ing seganten punika asring-asring wonten angin tuwin alun ageng, malah sok wonten baita ingkang kelem awit katempuh dening angin utawi alun wau. Putri Jin ing batos sanget gumujeng, pangeran Anom boten anginten yen putri Jin wau kayanganipun wonten dhasaring seganten, ing tengah-tengahing pirantos kangge plesiran.

Yen kaleres padang bulan, ingkang wonten ing salebeting baita sampun sami tilem, kantun juru mudhinipun ingkang boten tilem, awit anjagi lampahing baita, putri Jin wau minggah dhateng dhek ningali salebeting seganten, angawasaken dhateng keratonipun ingkang rama. Ingriku aningali dhateng ingkang eyang saweg mriksani lampahing baita ingkang dipuntumpaki.

Boten antawis dangu sadherekipun sedaya sami dhateng amanggihi wonten sacelaking baita, lajeng nyariosaken tansah prihatos salaminipun katilar, dene piyambakipun anyariosaken bingahing manah, awit dipunsihi dening pangeran Anom. Dereng rampung anggening sami cecriyosan, kebujeng dhatengipun matrus-matrus, para putri sedaya lajeng sami bibar, pating jlegur ambles dhateng dhasaring seganten, matrus-matrus boten anginten yen ingkang pating jlegur wau putri Jin, kintenipun seganten badhe umok.

Gancanging cariyos, lampahing baita sampun dumugi plabuhan negari ingkang badhe dipunjujug. Ingriku sampun kapapag wadya bala prejurit, kahormatan warni-warni, para prejurit sami baris wonten sacelaking pelabuhan, pengagenging prejurit jendral saha rerehanipun sedaya. Tetabuhan warni-warni, ing mergi ageng dipun pasangi rontek, wiwit saking pelabuhan ngantos dumugi keraton.

Pangeran Anom lajeng mandhap saking baita dipun iringaken para wadya bala, sang Nata ing negari sabrang sampun methuk wonten ing sangajenging keraton. Dene putri ingkang badhe dipundhaupaken kaliyan pangeran Anom wau, ing sadinten-dinten tansah dipun wulang utamining estri dhateng kakung. Wektu punika sampun sedhiya wonten ing keraton.

Putri Jin sanget kepenginipun aningali dhateng warnining putri ingkang badhe dipun dhaupaken kaliyan pangeran Anom wau. Lajeng putri Jin wau kabekta lumebet dhateng ing keputren dening pangeran Anom. Ingriku putri Jin saged aningali dhateng warnining putri ingkang badhe dipun dhaupaken sanget gumunipun, awit salaming gesang saweg punika aningali putri ingkang kados mekaten elokipun. Badan ketingal lurus ramping, kekulitanipun jene, mripat bening saha amicara. Pangeran Anom boten anginten yen putri wau pinunjul ing rupi, sarta ingkang amitulungi nalikanipun anandhang sangsara. Mila sanget bingahipun, lajeng kemawon anyelaki sarta awicanten, tembungipun:

”Nyai! kowe rak kang gawa aku saka ing pinggir segara lumebu marang sawijining gedhong.”

Putri sabrang kemutan lajeng tumungkul semu isin.

Pangeran Anom lajeng awicanten dhateng putri Jin: ”Dhuh nyai, ing saiki aku rumasa bagja banget, dene wis lawas gonku ngangenangen marang putri iki, ing samengko lagi arep bisa kaleksanan karepku. Pangiraku kowe iya milu bungah, awit tresnamu marang aku angungkuli ing liya-liyane.”

Kaliyan wicanten mekaten astanipun kaambungaken dhateng putri Jin. Putri Jin ugi anurut kemawon, ananging manahipun tansah boten sekeca, awit pangeran Anom badhe dhaup kaliyan putri sanes, upami siyosa dhaup dados telas pengajeng-ajengipun, amesthi pejah dados unthuking seganten, boten saged angsal nyawa ingkang langgeng.

Kacariyos, sasampuning dumugi wektunipun lajeng ningkah, putri Jin ugi wonten, penganggenipun sarwa sae, malah angungkuli dhateng putri ingkang dipun ningkahaken, swantening gamelan angungkung, ananging putri Jin manahipun tansah anelangsa, ing batos babar pisan boten anggadhahi kesenangan, awit namung emut dhateng benjing pejahipun amesthi boten anggadhahi nyawa ingkang langgeng.

Dumugining wektu sonten penganten badhe amengameng numpak baita, ing salebeting baita kamaring penganten dipun pajang-pajang sae. Boten antawis dangu tengara mriyem mungel, baita lajeng wiwit lumampah, keleresan wektu punika anginipun

ageng, dados lampahing baita saged rikat.

Sasampuning dalu lampu-lampu ing salebeting baita dipun sumed sedaya, awit badhe andamel pesta ageng. Putri Jin sanget nelangsani pun aningali ingkang sami suka-suka wonten salebeting baita, ananging dipun peksa kemawon tumut angempali ingkang sami pesta, punapa malih putri Jin wau dipun peksa kapurih ngibing, dhateng sang pangeran, putri Jin angleksanani dhawuhipun pangeran Anom, kesagedaning ngibing dipun katogaken, para ingkang ningali tuwin penganten estri sami kamitenggengen, eram aningali kesagedanipun, punapa malih pangeran Anom sakelangkung suka pengalihipun.

Putri Jin wau saben-saben anjankah sukunipun kraos sakit kados dening kecocog ing jarum, ananging mboten dipun raos, awit wonten ingkang keraos langkung sakit ing salebeting manah, anggenipun mboten saged jodho kaliyan pangeran Anom, punapa malih lajeng emut dhateng umuripun kantung sedalu punika, ciptanipun:

”Yagene banget nggonku tresna marang pangeran Anom, kongsi dak labuhi ninggal keraton dhasar segara, lan pira-pira nggonku anandhang kasangsaran, ing saiki banjur ningkah marang ing liyan, semono pamalese, aku amesthi banjur mati, ora bakal weruh maneh langit kang sumilak abang kebak dening lintang, lan keraton dhasaring segara. He awak, apes temen lelakonku iki.”

Ing salebeting tumut suka-suka ngantos dumugi tengah dalu, manahipun sanget nelangsa, angemut-emut enjingipun badhe dumugi jangjining pejah.

Sasampuning rampung pesta, penganten jaler estri lumebet ing kamar patileman. Ingkang wonten salebeting baita sedaya sampun tilem, kantung tukang kemudhining baita ingkang mboten tilem. Putri Jin wau sendhen wonten ing pinggiring baita ngentosi wektu subuh, ing riku badhe pesthining jangjnipun, mboten badhe saged sumingkir malih.

mBoten antawis dangu sedherekipun sedaya dhateng, guaya sami acum, rambutipun kacukur, saking awrat ambelani dhateng sedherek, wicantenipun;

”Delengen sedulur-sedulurmu kabeh wis padha gundhul ram-

bute, dipasrahake marang juru tenung, abote nggonku padha mbelani kowe, supaya aja kongsi mati ing bengi iki. Iki aku aweh siji keris banget landhepe, sadurunge mlethek srengenge, tuwekna marang pangeran Anom, getihe tadhahana sikilmu, mengko banjur rapet dadi buntut maneh, kowe bisa mulih dhasar segara dadi jin kaya mau-maune, lan bisa urip kongsi telung atus tahun. Ananging kudu rikat aja kongsi kebyaran, yen ora mengkono kowe kang mesthi mati sadurunge mlethek srengenge. Lan kawruhana, eyangmu banget susahe nggone angrasakake kowe, slirane kuru aking, mastakane kongsi dadi gundhul. Mula enggal mangkata, tuweken pangeran Anom kongsi mati. Dirikat lakumu aja kesuwen.”

Sasampuning wicanten mekaten, putri Jin wau lajeng sami wangsul pating jlegur anggebyur dhateng seganten. Dene putri Jin sapengkering sedherek-sedherekipun lajeng amurugi dhateng petilemanipun pangeran Anom, amiyak klambunipun, ketingal saweg tilem kepati, nunggil sakemul kaliyan garwanipun. Putri Jin anyelaki sarta angambungi dhateng pangeran Anom, lajeng tumenga menginggil, ketingal sampun badhe byar, ing riku saweg aningali nyata, dhuwung wau sanget lincip sarta landhepipun, rumaos mboten tega anuwek, badhe wiwit angadani sedyanipun, ananging lajeng gemeter, dhuwung ingkang kecepeng ngantos badhe anggregeli. Satemah wurung sedyanipun, dhuwung kauncalaken dhateng seganten toya ingkang kedhawahan ketingal abrit kados dening erah.

Putri Jin tansah amandeng dhateng pangeran Anom, ngantos kesupen ingkang dados lelampahanipun, wekasan anggebyur dhateng seganten, badanipun dados unthuking seganten.

Sasampuning srengenge medal, unthuk wau kesorotan dening bentering srengenge, ananging putri Jin ingkang sampun dados unthuk mboten ngraosaken punapa-punapa sarta mboten rumaos pejah.

Panggenaning putri Jin wau lajeng kempal kaliyan para widadari ingkang warninipun sami endah-endah, saged aningali baita sapanunggitanipun. Swantening sami sekeca, ananging mboten saged kemireng dening manusa, tuwin wujudipun ugi mboten

saged kesumerepan.

Para widadari wau sedaya mboten wonten ingkang ngangge suwiwi, ananging sami saged miber. Putri Jin wau rumaos kados widadari, saged miber dhateng ing awang-awang.

Unthuking seganten kaleres panggenaning putri Jin wau yen kesorotan dening bentering srengenge sok angedalaken keluk.

Putri Jin awicanten dhateng para widadari: "Iki arep digawa marang endi?"

Wangsulanipun: "Arep marang awang-awang. Kawruhana, kowe iku yen ora tresna marang manusa amesthi ora bisa anduweni nyawa kang langgeng, senjata aku sakancaku kabeh iya ora anduweni, ananging yen sregep migawe amal kabecikan, amesthi iya anduweni nyawa kaya manusa."

Lajeng wonten satunggiling widadari awicanten dhateng putri Jin saha dhateng kanca-kancanipun: "Ayo padha lunga marang panggonan kang banget panase, ing kono akeh kang padha mati merga ora kuat dening bangeting panas, padha amitulungi marang kang nandhang kesusahan, anggawa kembang kang wangi-wangi disebarake ana ing kono, supaya bisa padha seger lan kepenak awake. Upama bisa anggawe kabecikan kaya mengkono, ing sajroning telung atus taun, amesthi bisa anduweni nyawa langgeng kaya dening manusa. Apa maneh mungguh putri Jin iku, kang wus anandhang sangsara, suhud lan pasrah marang awake, pantes anduwenana kabegjan kaya widadari, upama putri Jin miturut saka rembugku, gelem anggawe amal kabecikan ing sajrone telung atus taun, amesthi bisa kaleksanan sedyane."

Putri Jin sareng mireng wicantening widadari, lajeng muji sukur sarta tumenga menginggil kumembeng luhipun.

Kacariyos, tiyang ingkang wonten ing salebetipun baita sampun sami tangi, wiwit anggarap padamelanipun piyambak-piyambak. Putri Jin wau aningali dhateng pangeran Anom saha garwanipun sami amadosi dhateng piyambakipun, dipun waspadakaken namung dhateng unthuking seganten, kados-kados pangeran Anom priksa yen putri Jin wau njegur ing seganten.

Putri Jin anyelaki dhateng pangeran Anom sarta lajeng angambung rainipun, ananging pangeran Anom mboten saged

sumerep wujudipun sarta mboten keraos yen dipun ambung.

Putri Jin kaliyan gumujeng mumbul dhateng awang-awang angiringaken para widadari, jujukipun dhateng mega ingkang saweg lumampah.

Ing riku wonten satunggiling widadari ingkang awicanten; ”mBesuk telung atus taun engkas, aku sakanca amesthi bisa lumebu ing surga.”

Kanca-kancanipun amangsuli kados ing inggil, sedaya lajeng sami nglayang ing awang-awang salajengipun mboten ketingal.

Dumugi semanten pungkasanipun cariyosing putri Jin.

---oo0oo---

LARE MRUSAL

Wonten satunggiling lare estri, angidak-idak roti, jalaran mboten angetan dhateng tetedhan, wekasnipun anandhang sangsara. Cariyosipun kados ingandhap punika,

Wonten satunggiling lare estri nami nyai Endhang, adat lelampahanipun sanget mrusal, tiyang sepuhipun sekelangkung miskin. Nalikanipun teksih alit remenanipun asring-asring anubruki laler, yen sampun angsal, elar utawi sukuning laler wau dipun guntingi, supados, sampun ngantos saged miber malih. Sane-sipun anubruki laler ugi sok amendheti katimumul, padharanipun lajeng kacubles dening jarum, katancebaken wonten ing satunggiling kertas. mBoten badhe lepat malih menggah ingkang dados kasangsanipun katimumul wau, badan mobat-mabit nedya badhe miber ananging meksa mboten saged ucul, awit jarumipun, tumanceb ing kertas.

Nyai Endhang aningali katimumul solahipun mobat-mabit sanget bingah, kaliyan gumujeng angakak, wicantenipun; "La! saiki mumule arep maca layang, ketara saka solah."

Nyai Endhang wau saya ageng, adat lelampahanipun saya awon, dhateng satokewan babar pisan mboten anggadhahi welas. Kawewahan sanget kaugung dening bapa biyungipun, awit anak namung satunggal, tur pinunjul ing rupi.

Upami kesumerepan anggenipun anggadhahi kalepatan mboten nate dipunsrengeni, kajawi namung kaumel-umel, mekaten wicantenipun: "Lah, Endhang, aku rumasa susah banget yen amikir adat kelakuanamu. Kepriye mbesuk ing tembe mburi kedadeane awakmu, dene mrusalmu ora lumrah karo bocah akeh."

Kacariyos Nyai Endhang wau kangengeraken dhateng satunggiling tiyang sugih, tebih saking griyanipun. Ing riku sanget dinamana, dipunanggen-anggeni ingkang sarwa sae, mboten beda kados dening dhateng anakipun piyambak. Mila tambah ing pamrusalipun.

Sasampuning angsal setaun ngenger wonten ing riku, kapurih tuwi dhateng tiyang sepuhipun, wicantening tiyang sugih ingkang dipun ngengeri:

”Endhang, rehning wis antara lawas nggonmu ana ing kene, becik tinjoa marang bapa biyungmu, kepriye kaanane. Enggal banjur dandana.”

Nyai Endhang sanget bingah, ananging bingahipun wau mboten tumuju badhe kepanggih bapa biyung, kejawi namung badhe angetingalaken dhateng sanak kadang utawi para mitranipun, rehning wektu punika ketingal sampun ageng saha anggen-anggenipun sarwa sae.

Sareng dumugi ing dhusunipun, kepanggih kaliyan tilas kanca-kancanipun dolan. Nyai Endhang sanget bingah awit kathah ingkang sami angalembana.

Ing ngriku biyungipun aningali saking ing katebihan saweg ngaso, linggih wonten ing sela leter, awit pinuju mentas mendhet kajeng saking ing wana sacelaking dhusun ngriku. Sareng nyai Endhang sumerep biyungipun mengange sarwa awon, cengkelak lajeng wangsul dhateng panggenaning tiyang sugih malih, rumaos merang ngaken tiyang sepuh ingkang kados mekaten.

Antawis wonten setaun nyai Endhang kapurih tuwi malih, wicantenipun: ”He, Endhang, tinjoa maneh marang bapa biyungmu, lan anggawaha kekiriman roti gandum, iba bungahe yen ketemu karo kowe!”

Nyai Endhang lajeng dandos ngangge rasukan saha sinjang ingkang sae-sae saha ngangge cenela enggal, lampahipun acincing-cincing, kuatos yen kenging blethok, awit merginipun sanget jeblog.

Mergi wau anglangkungi satunggiling rawa, toyanipun ketingal sumilak bening. Nyai Endhang nedya nyabrang, ananging sanget ngowel dhateng cenelanipun, lajeng roti ingkang badhe kangge kekintun wau, kauncalaken dhateng ing rawa kangge ancik-ancik lampahipun. Saweg kemawon wiwit angidak, lajeng ambles dalah rotinipun, kados dening wonten ingkang mbethot saking ngandhap, rumaosipun rawa wau kados saweg umob.

Nyai Endhang sambat ajerat-jerit, ananging mboten wonten ingkang atetulung, lajeng klelep ambles mengandhap. Sareng dumugi ing dhedhasaring rawa, aningali wonten satunggiling griya. Ingkang gadhah griya wau dhedhemiting rawa ngriku, inggih

punika setan ingkang mbaureksa. Mila rawa wau asring-asring umob, sarta medal kelukipun, awit ingkang mbaureksa saweg olah tetedhan. Dhatenging nyai Endhang ing dhedhasar rawa, kaleres ing pawonipun pirantosing ucal-ucal. Ing salebeting pawon ambe- tipun sanget arus. Ing ngriku kathah kualo pirantos wadhah tete- dhan warni-warni, punika ingkang angganda arus wau.

Tiyang ingkang angganda dhateng ambeting tetedhan wau amesthi lajeng sumaput, mboten kiyat saking arusipun. Ing anta- wising kualo-kualo wadhah tetedhan, wonten satunggal ingkang langkung arus ambetipun, inggih punika wadhahing bathang sawer saha kodhok, sami pating kringkel anggegilani. Sarta ing ngriku hawanipun sanget asrep. Nyai Endhang saking ajrihipun ngantos gumeter, tangan saha sukunipun sami kaken awit saking dening asrep, dene roti ingkang kangge ancik-ancik teksih rapet kaliyan sukunipun.

Inkang mbaureksa rawa wau kaleresan wonten ing pawon, ngentosi mitranipun siluman badhe dhateng kaliyan satunggiling nini-nini ugi bangsa siluman. Nini-nini siluman wau sanget sepuh- ipun, ananging senajana sepuh mboten nate purun nganggur, awit remen sanget dhateng sedaya padamelan. Yen pinuju asesanan padamelanipun ing sadinten-dinten tansah kabekta. Wektu punika saweg amidamel rupi wecucal tipis ingkang sok dipunlemekaken dhateng sepatu utawi criponing manusa.

Sepatu utawi cripu ingkang sampun kalapisan dening wecu- caling nini-nini siluman wau, yen dipunangge, ingkang gadhah lajeng mboten purun kendel, tansah kepengin amider-mider mbo- ten kantenan sedyanipun.

Kejawi saking punika, nini-nini siluman wau kathah sanget kasagedanipun, asring angawurawur gunanipun dhateng manusa, tiyang ingkang kenging kaawuran amesthi lajeng tumpes kados dening tetaneman kamangsa ing ama. Dene adat lelampahanipun kumraket lan teberi amimitran.

Sareng ningali dhateng nyai Endhang, nini-nini siluman wau tesmakipun kaleresan, amandeng saking nginggil mengan- dhap, saking ngandhap menginggil, wicantenipun:

”Dakwawas-wawas bocah iki kaya akeh kabisane, upama

diwenehna marang aku, arep dakprenahake ana omahe putuku.”

Ingkang mbaureksa rawa sareng mireng wicantening nini-nini siluman, nyai Endhang lajeng dipun sukakaken, awit saking supeketing mimitran, enggal dipun tampeni kabekta mantuk.

Griyanipun nini-nini siluman wau ageng, saking agengipun griya yen dipun tingali saking ing ajengan pojok ingkang wingking piyambak ngantos mboten saged ketingal, yen kedangon peman dengipun andadosaken mumet dhateng sirah. Ingriku kathah tiyang sami sila tumpuk undhung ngentosi bikaking kori. Wontenipun ing riku sampun pinten-pinten taun, mboten saged sumerep benjing punapa sami luwaripun saking ing bebaya wau.

Ingriku wonten satunggiling garangati agengipun saklapa gadhing, saweg andamel griya klamaripun kapantheng dhateng sukuning tiyang-tiyang ingkang sami sila wonten ing riku. Pandameling griya garangati wau kinten-kinten sampun 4 utawi 5 ewutaun, ananging meksa dereng rampung, awit tiyang ingkang dhateng wonten ing riku mboten kendel-kendel tansah elur kemawon. Dene klamar wau yen sampun tumemplek dhateng tiyang saged kencengipun, kados dening tiyang dipun blenggu kemawon. Sedaya tiyang ingkang sampun lumebet wonten ing riku, babar pisan mboten anggadhahi kabingahan, wontenipun namung sami sisah tuwin prihatos. Tiyang ingkang watak kumed, ing riku namung emut dhateng tetilaraning rajabrana, awit sorogipun kantun mboten kabekta, dados kuwatos yen rajabrana kapendhet ing tiyang sanes.

Anggening manah dhateng tetilaraning rajabrana, badanipun ngantos kera kantun balung kaliyan kulit kemawon. Sedaya tiyang ingkang sami wonten ing riku namung bangsa ingkang lelampahan kados mekaten.

Nyai Endhang ugi mekaten, selaminipun tansah anjejer kemawon kaliyan angidak roti. Ciptanipun: ”Mengkene kedadeyane wong kang anduweni ambek sumakehan kaya dening aku iki, saking sungkanku kena blethok kongsi roti kang bakal dak kirimake wong tuwaku dak anggo ancik-ancik, iki wewalese. Kabeh wong kang ana ing kene, mripate padha mencereng andelengake marang aku.”

Tiyang-tiyang ingkang wonten ing riku wau, sedaya mboten wonten ingkang saged rembagan, awit ilatipun rapet kaliyan cethak, jalaran saking pengangsa-angsanipun kepengin ngombe utawi nedha tetedhan sanesipun, senajan mekaten pemandangipun dhateng Nyai Endhang tansah pating pencereng. Nyai Endhang plengas-plengos semu kawirangan, ananging meksa teksih anggadhahi cipta mekaten:

”Pengiraku sekabehe wong kang ana ing kene padha banget nggone ngawasake marang aku, menawa padha eram andeleng penganggonku lan saka ayuning rupaku?”

Lajeng nglirik dhateng badanipun, ing riku nyai Endhang sanget kaget, dene namung mripat ingkang saged ibah, badan, suku tuwin sanes-sanesipun sedaya sami kaken. Sarta aningali badanipun kebak dening blethok saha awu, tilas nalika wonten griyanipun dhedhemit rawa. Pengangge sedaya sami kening bletok, rambutipun kados dening susuh peksi, sarta kathah beburon warni-warni sami anggremet sedaya sami sanget anggegilani. Ananging wonten lipuring manah sawetawis, dene tiyang-tiyang ingkang wonten ing ngriku sedaya ugi sami reged anglangkungi tinimbang piyambakipun.

Nyai Endhang sanget kepenginipun ngombe utawi nedha tetedhan, sedyanipun badhe tumungkul mendhet roti ingkang dipun idak, ananging badan sarta tanganipun sami kaken, dados mboten saged kadumugen sedyanipun. Ing ngriku sanesing sato kewan ingkang ageng-ageng ugi kathah, laler sami anggremeti dhateng mripatipun, sarta mboten sumingkir dening kakedhepaken, awit sedaya sami mboten anggadhahi elar, tilas kaguntingan nalika piyambakipun teksih kaemong dening bapa biyungipun. Nyai Endhang sanget anandhang sangsara, rupi-rupi cobu ingkang dhumawah dhateng piyambakipun.

Perihing padharan saking pengangsa-angsanipun kepengin anenedha, ing salebeting wetengipun kados dene dipunudheg, awit saking kothongipun, mboten nate kalebetan ing tetedhan. Ciptanipun:

”Yen linanggengake kaya mengkene, aku rumasa ora kuat. Ananging iya dak kuat-kuatake, rehning wis ora bisa sumingkir

maneh.”

Sasampuning anggadhahi cipta mekaten, lajeng ketes luhipun, andhawahi dhateng roti ingkang dipunidak, sarta sanget panas, salajengipun luh wau androdos kados dening toya jawah. Wicantenipun:

”Sapa kang nggodhog luhku iki, dene kongsi kaya udan deres?”

Sababipun mboten sanes kejawi bapa biyungipun ingkang teksih wonten ing alam donya, asring nangis kemutan dhateng piyambakipun. Ananging luh wau mboten amitulungi, malah andadosaken sangsaranipun, padharan saya sanget angintir-intir.

Wonten tetedhan ingkang tumempel ing sukunipun mboten saged mendhet, mila sanget anelangsa. Lami-lami badanipun kera aking, anjejer kados dening teturus. Para mitranipun ingkang wonten ing alam donya sami wicanten angumpah-umpah, sedaya kemireng dening piyambakipun. Inggang kathah-kathah namung awicanten sami angraosi saking awoning adat lelampahanipun, bapa biyungipun lajeng sami nangis pating senggruk.

Wonten malih ingkang awicanten: ”Wong kang anduweni ambek sumakehan iku sok anemahi bilai, kaya dene adat kelakuanane si Endhang.”

Tiyang sepuhipun sareng mireng wicanten kados mekaten, saya sanget penangisipun, emut dhateng lelampahaning anakipun. Sedaya tiyang sampun sami priksa yen nyai Endhang wau klelep wonten ing rawa jalaran angidak roti, priksanipun saking criosing lare-lare angen ingkang saweg angguyang maesanipun wonten ing sacelaking rawa ngriku.

Lare-lare wau sumerep nalika blesipun, sareng kabujeng sampun mboten saged ketutupan. Biyungipun lajeng adheg-dheleg, wicantenipun:

”Lah Endhang, yagene ora gelem mareni adat kelakuanamu kang ora becik, kongsi anemahi bilai anandhang sangsara? Pirasating marang aku rupa-rupa, ananging aku ora bisa nampa yen bakal mengkene kedadeane.”

Pun Endhang anggadhahi cipta malih, wicantenipun: ”Upamane aku tinekdir ora metu ana ing alam donya, amesthi ora

bakal mengkene kedadeane, ora gawe susahe wong tuaku.”

Bibar awicanten mekaten mireng wicantening biyung pulungipun: ”Si Endhang iku pancen sawijining bocah kang duraka! Ana rejeki peparinge Pangeran arupa roti ndadak diidak kanggo ancik-ancik nyabrang rawa, mangka roti iku pawewehku dak purih menehake marang biyunge. Kepriye bisane oleh ngapura dhening Pangeran.”

Sarehning sedaya wicantenan ingkang wonten ing alam donya, sami kepireng dening nyai Endhang, piyambakipun lajeng awicanten malih:

”Rupa-rupa siksa kang tumiba marang aku, kejaba nggonku anandhang lara ana maneh sawijining tukang pantun kang ngingisingis marang aku, mengkene pamantune:

Bocah duraka ngidak roti,
murih cenelane resik,
wong tuane banget nggone lara ati,
kabeh padha gething lan ora ana kang asih.”

Nyai Endhang sanget sedhihipun mirengaken tiyang mantun ingkang kados mekaten, wicantenipun:

”Ampun sewu ampun, dene sekabehe wong kang dirembug ora ana maneh kejaba mung amemirang marang aku. Dhuh, mengkene cilakane awakku.”

Tukang pantun wau sabibaring mantun lajeng awicanten dhateng lare-lare. ”Si Endhang iku bocah duraka, rupane banget ala, kawuwuhan duraka marang biyunge, pantes mungguh nemua siksa kang luwih gedhe.”

Sanesipun punika, tiyang-tiyang ingkang wonten ing alam donya, rembaganipun mboten sanes, kejawi namung anacad dhateng nyai Endhang.

Namung wonten satunggiling lare estri mirengaken sedaya tiyang sami nacad, piyambakipun sanget welas ngantos angedalaken eluh, lajeng apitaken, wicantenipun:

”Apa iya si Endhang iku ora bisa luar saka siksane?”

Inkang dipun pitakeni amangsuli, ”Amesthi ora bisa, wong kang duraka kaya dheweke panggonane tetep ana ing neraka.”

”Kepriye mungguh si Endhang iku tobat, nyuwun pangapura

dosane?"

"Bocah kang kaya dheweke amesthi ora gelem tobat."

"Lah ambok iya ta gelem tobat."

Kalihan wicanten mekaten lare estri wau luhipun anderodos, awit saking welasipun.

Lajeng awicanten malih: "Upama si Endhang mau kena dak tebus karo bonekahku, aku kelawan lila, kang supaya bisa oncat saka ing siksane, bisaha aja tetep ana ing neraka kang anggegilani."

Nyai Endhang mireng lare wicanten kados mekaten, manahipun sanget bingah, ciptanipun: "Iki ana sawijine bocah kang ambek becik, nedya arep tetulung marang aku."

Kalihan wicanten mekaten sanget nelangsanipun, ing batos kepengin nangis, ananging luhipun mboten saged medal.

Kacariyos kawontenanipun ing alam donya sedaya sampun sami santun, namung panggenan neraka ingkang teksih tetap. Cariosipun nyai Endhang ugi dereng cekap kalihan semanten kemawon.

Ing satunggiling dinten nyai Endhang mireng wicanten: "Heh, Endhang, yagene aku iki banget nggonmu nglarakake atiku?"

Nyai Endhang mboten pandung, yen suanten wau suantening biyungipun, sarta ing wektu punika sampun badhe dumugi ing jangji.

Mireng malih wicantening biyung puponipun: "Kepriye, apa kira-kira bisa bakal ketemu karo si Endhang?"

Ananging nyai Endhang sampun priksa, yen biyung puponipun mboten badhe lumebet ing panggenan neraka pasiksa, awit saking kesabaranipun.

Antawis wonten kalih taun, nyai Endhang mireng malih suanten, lajeng tumenga menginggil ing ngriku aningali wonten cahya kekalih sami mencorong kados dening lintang, inggih punika mripatipun lare estri ingkang sanget welas dhateng piyambakipun. Ing wektu punika lare estri wau badhe dumugi ing jangji sarta sampun sanget sepuhipun. Nalikaning badhe sekarat emut dhateng pun Endhang, sambatipun:

"Ya Allah, ya Robbi, ingkang sipat rahman rahim! Upami

kaula nerak dhateng wewalering Pangeran, kados dening lelampahaning nyai Endhang, ing mangka pinaringan wilujeng mboten lumebet dhateng panggenan neraka pasiksa, panuwun kaula dhateng Pangeran mugè sampun katebihaken kaliyan nyai Endhang, awit sanget anggen kaula welas.”

Mripat sampun merem, ananging mripat ingkang langgèng tansah amencereng angawasaken dhateng sedaya ingkang mboten ketingal dening manusa.

Saking welasipun dhateng nyai Endhang, dumugining janggi saged sumerep dhateng wujudipun. Sareng aningali saya sanget welasipun, ngantos nangis dulewera eluhipun. Suantening tangis wau kepireng dening nyai Endhang, saha wonten malih satunggiling malaekat anangisi dhateng nyai Endhang.

Nyai Endhang sareng mirengaken tangis-tangis wau saya sanget nelangsaniipun, emut dhateng lelampahanipun nalika wonten ing alam donya. Ing ngriku sanget penangisipun, ananging mboten saged angedalaken eluh, sarta rumaos dhateng dosanipun, tuwin rumaos piyambakipun wau awon-awoning tiyang, pantes mboten saged oncat saking ing pasiksa ngriku.

Sareng sampun anggadhahi manah mekaten, ing panggenan ngriku ketingal byar padhang sarta benter, sedaya isen-isèn ingkang wonten ing ngriku sirna kados dening es kabenteran, sirnanipun wau sami dados keluk. Nyai Endhang ugi dados keluk. Dene keluk wau lajeng kempal dados peksi, sanget girasipun, miber dhateng alam donya, rikatiipun kados dening gelap, rumaos wirang dhateng badanipun piyambak utawi dhateng ing asanes, lajeng andhelik wonten ing leng ingkang peteng. Ing ngriku kendel, badanipun gumeter mboten saged wicanten mboten anggadhahi suara.

Peksi wau saged ningali sedaya kawontenaning donya ingkang celak kaliyan padununganipun. Lami-lami anggadhahi remen dhateng sedaya ingkang dipun tingali, sarta angajeni tuwin sanget rendhahipun, mboten milih bangsa punapa, sedaya dipun hormati. Rehning sedaya mahluk wus titahing Pangeran, dados rumaos dhateng kesaenaning peksi wau. Badhe mungel ingkang minangka pujinipun, dereng saged. Ananging kencenging tekad ingkang

sae pasrah dhateng Pangeran.

Ing panggenan ngriku wonten pesta ageng, para tiyang tani sami mbekta pantun nyegedheng, lajeng sani dipun gantungaken wonten ing wit-witan kangge tetedhan peksi, supados peksi-peksi sami bingah.

Peksi-peksi kathah sami dhateng asuka-suka anedhani pantun wau, ngantos peksi ingkang andhelik wonten ing leng wau tumut mungel, cit-cit, cit! Lami-lami saya sae ungelipun, suantenipun warni-warni.

Menggah ingkang maha Agung amesthi mboten kekilapan dhateng peksi ingkang mekaten punika.

Sasampuning mekaten, peksi wau oncat saking lengipun angupados tetedhan, ananging angsal-angsalings tetedhan mboten kangge piyambak, ingkang kathah kadumaken dhateng rencang-rencangipun.

Mekaten ing sadinten-dinten. Wetawis tetedhan ingkang kadumaken dhateng kancanipun wau sampun wonten saagenging roti ingkang kaidak dening nyai Endhang. Ing wiwitan wuluning peksi wau ketingal cemeng, ananging sanalika dados pethak, sanget saenipun, lajeng miber dhateng awang-awang.

Lare-lare ingkang aningali sami kaget, wicantenipun: "Iku ana manuk kedhali putih aneh banget rupane."

Kancanipun amangsuli: "Iya, aneh temen manuk kedhali putih iku, dene mibere marang srengenge."

Dumugi semanten cariyosipun nyai Endhang.

Tiyang ingkang ambek sumakehan punika ageng sanget siksanipun, punapa malih tiyang ingkang andamel sawiyah-wiyah mboten ngeman dhateng sipating tetedhan parangipun ingkang maha Agung.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



SERAT LEBDAJAMA 2

Raden Purwasuwignya / Drs. Sudibjo Z.H.

Perpustakaan
Jenderal K

899

R

s